| 3. She would come immediately, if you called her. | Li ta vini tousuit si ou te rele-l. |
| 4. The bank would open if it were nine o'clock. | Bank la ta ouvri si li te neuveù. |
| 5. I'd like to try chicken, potatoes, and milk, please. | M ta vle seye poul, ponm de tè, ak lèt, souple. |
| 6. They're eating lobster. | Y-ap manje roma. |
| 7. They asked information.
(Use the particle) | Yo te mande ransèyman. |
| 8. She ate in that restaurant.
(Use the particle) | Li te manje nan restoran sa-a |
| 9. He is looking for a camionette. | L-ap chèche yon kamyonèt. |
| 10. You'll see a small boy. | Ou a wè yon ti gason. |
| 11. They took a little walk to the market. (They've returned.) | Yo te fè yon ti vire nan mache-a. |

V. GRAMMAR NOTES

A. Conditional Particle *ta*

1. The verb particle *ta* is used to indicate that an action or state is conditional, present or past. Compare:

a. Li antre nan kay la. He enters (entered) the house.

versus

b. Li ta antre nan kay la. He would enter the house.
or
He would have entered the house.

2. In sentences with 'if' clauses, the conditional particle *ta* is used in the main clause and the past particle *te* in the 'if' clause. Example:

M ta manje nan restoran sa-a I would eat in that restaurant
si m te genyen anpil lajan. if I had a lot of money.

or

I would have eaten in that restaurant if I had had a lot of money.

B. Past Completeive or Past Perfect Particle *te*

1. In Lesson 8 we have seen that a verb occurs in the simple form to denote an action which took place in the past but which impinges on the present.

Example:

Li sòti. He's gone out.

2. While the person under discussion may have gone out several days ago, the speaker views the action with reference to the present. We may infer from the use of the past completive particle *te* that the person under discussion has gone out some time in the past and has since returned; i.e., that the action or state of affairs is completely terminated.

Compare:

Li sòti

He's gone out.

Li te sòti.

He had gone out.

3. When the subject is followed by an adjective, an adverb, a place, a location, or the verb *konnen* (*konn*) without any particle, it expresses only the present. In that case, to express the past, the particle *te* is invariably used.

Example:

a. M malad.

I'm sick.

M te malad.

I was sick.

b. Tout ti-moun yo isit.

All the children are here.

Tout ti-moun yo te isit.

All the children were here.

c. M konnen (*konn*) sa.

I know that.

M te konnen (*konn*) sa.

I knew that.

or

I had known that.

4. When the particle *te* is followed by one of the particles *ap*, *ape*, *apral*, and *aprale*, it is shortened to *t* and expresses a progressive action in the past.

a. M t-ap (*ape*) manje.

I was eating (or) I had been eating.

b. M t-apral (*aprale*) manje.

I was going to eat.

5. In the negative form, the particle *te* preceded by *is* is shortened to *t*.

Example:

- | | |
|-------------------------------|----------------------------------------------------|
| a. M <u>pa-t</u> pale kreyòl. | I didn't speak Creole.
I had not spoken Creole. |
| b. M <u>pa-t</u> wè yo. | I didn't see them.
I hadn't seen them. |
| c. M <u>pa-t</u> malad. | I was not sick.
I had not been sick. |
| d. Yo <u>pa-t</u> isit. | They were not here.
They had not been here. |

6. The negative past progressive form is expressed by the particles *pa t-ap*, in that order. Example:

- | | |
|----------------------------|-----------------------------------------------------------|
| a. M <u>pa t-ap</u> manje. | I <u>was not</u> eating.
I <u>had not been</u> eating. |
| b. M <u>pa t-ap</u> vini. | I <u>was not</u> coming.
I <u>had not been</u> coming. |

7. When *t-ap* and *pa t-ap* are used in sentences without verbs or with the verb *konnen* (*konn*), they stand for *ta ap*, *pa ta ap*, not for the progressive *te ap*, *pa te ap*, and express the conditional past or present in the affirmative and negative forms. They are interchangeable with the simple conditional particle *ta*, *pa ta*. Example:

Sentences:

Both mean:

- | | |
|-----------------------------|---------------------------------------------|
| a. M <u>t-ap</u> malad. | I <u>would be</u> sick. |
| or | or |
| M <u>ta</u> malad. | I <u>would have been</u> sick. |
| b. M <u>t-ap</u> la. | I <u>would be</u> there. |
| or | or |
| M <u>ta</u> la. | I <u>would have been</u> there. |
| c. M <u>t-ap</u> Pòtoprens. | I <u>would be</u> in Port-au-Prince. |
| or | or |
| M <u>ta</u> Pòtoprens. | I <u>would have been</u> in Port-au-Prince. |

- d. M t-ap konn sa.
or
M ta konn sa. I would know that.
or
I would have known that.
- e. M pa t-ap malad.
or
M pa ta malad. I wouldn't be sick
or
I wouldn't have been sick.
- f. M pa t-ap la.
M pa ta la. I wouldn't be there.
I wouldn't have been there.
- g. M pa t-ap Pòtoprens.
or
M pa ta Pòtoprens. I wouldn't be in Port-au-Prince.
or
I wouldn't have been in Port-au-Prince.
- h. M pa t-ap konnen.
or
M pa ta konnen. I wouldn't know that
or
I wouldn't have known that.
8. The particles *ap* and *p-ap* express the future in the affirmative or negative form. The particle *a* also expresses the future, but in the affirmative form only. It is never used in the negative form. Example:
- a. M-ap malad.
or
M-a malad. I will be sick.
- b. M-ap la.
or
M-a la. I will be there.
- c. M-ap Pòtoprens.
or
M-a Pòtoprens. I will be in Port-au-Prince.
- d. M-ap konnen.
or
M-a konnen. I will know.

- e. M p-ap malad. I won't be sick.
- f. M p-ap la. I won't be there.
- g. M p-ap Pòtoprens. I won't be in Port-au-Prince.
- h. M p-ap konnen. I won't know.

9. Summary: Verb Particles

<u>Tense & Particle</u>	<u>Example</u>	
Simple form - No particle	yo manje	they eat they've eaten they ate
Past completive - <i>te</i>	yo te manje	they ate they had eaten
Continuative - <i>ap</i>	y-ap manje	they're eating they're going to eat
(<i>pr + ale</i>)	yo prale	they're going
Future - <i>a</i>	y-a manje	they will eat
Conditional - <i>ta</i>	yo ta manje	they would eat

C. The "Liaisons"

- In Creole there are a few cases of liaison that can't be determined from the writing. They are French expressions that have persisted in Creole and must be learned with their French pronunciation. It's difficult to establish a complete list of such expressions; only usage will help the student become familiar with them all. Here are a few examples:

<u>Written</u>	<u>Spoken</u>	
a. an arivan	(an <u>n</u> arivan)	upon arriving

- | | | | |
|----|-----------|----------------------|----------------------------|
| b. | an akajou | (an <u>n</u> akajou) | made of mahogany |
| c. | byen aere | (byen <u>n</u> aere) | well-ventilated, wellaired |
| d. | an Aiti | (an <u>n</u> Aiti) | in Haiti |

2. Compare with the following "no liaison" Creole expressions:

- | | | |
|----|----------------------|---------------------|
| a. | <u>Kouman ou</u> ye? | How are you? |
| b. | devan <u>oto</u> -a | in front of the car |
| c. | san <u>anyen</u> | without anything |
| d. | yon <u>bon oto</u> | a good car |

D. Kouman fè

1. *Kouman fè* (lit., 'how done...') is an interrogative expression equivalent to the English 'How is it that ...?', 'How come...?'. Note that the subject may be placed either after *kouman fè*... or between *kouman* and *fè*.

Kouman fè ou la-a toujou? How come you are still there?

Kouman ou fè la-a toujou? How come you are still there?

Kouman fè madanm
nan pa vini jodi-a? How come the woman hasn't
come today?

Kouman madanm nan
fè pa vini jodi-a? How come the woman hasn't
come today?

2. When the subject is a noun phrase with a dependent or a relative clause, the insertion between *kouman* and *fè* is also possible.

Kouman fè tout chofeu kamyon ki te pati yè yo poko tounen?

Kouman tout chofeu kamyon ki te pati yè yo fè poko tounen?

How come all the truck drivers who left yesterday haven't come back yet?

3. The verb phrase *gen* having no subject may not be inserted between *kouman* and *fè*, but must follow the interrogative expression.

Kouman fè gen tout kantite moun sa yo isit jodi-a?

How come there are so many people here today?

VI. VOCABULARY

Aiti, pr. n.	Haiti
an, prep.	in, to (see grammar notes)
angle, n.; adj.	English
antre, v.	to enter, to come in
anvan, avan, prep.	before
aprann, v.	to learn
beuf, bèf, n.	beef, ox
byè, n.	beer
bwè, v.	to drink
byen (before an adj.), adv.	very
chè, adj.	expensive, dear
demi, adj.	half
dlo, n.	water
duri, n.	rice
duven, n.	wine
e dmi, n. phr.	and a half
espagnòl, pangnòl, n.; adj.	Spanish
frè, adj.	frèsh, cool
ke, pr.; conj.	that, which
koka-kola, n.	coca-cola
kola, n.	carbonated soft drink
kòm, kou, conj.	like, as
lang, n.	language, tongue
lèt, n.	milk
mai, n.	corn
mai moulen, n. phr.	corn grits
mèt, n.	owner, manager, boss; meter
moulen, n.; v.; adj.	mill; to mill, to grind; ground

nòt, n.	check, bill
pagnòl, espagnòl, n.; adj.	Spanish
patat, n.	sweet potato
peye, v.	to pay, to pay for
pòm de tè, ponm de tè, n. phr.	potato
pwa, n.	beans, peas
pwa kongo, n.	pigeon peas
pwason, n.	fish
poubwa, n.	tip
poul, n.	chicken
reponn, v.	to reply, to answer
repons, n.	answer
roma, ronma, n.	lobster
rouj, adj.	red
sèvi, v.	to serve
seye, v.	to try
sezi, v.	to be surprised
tande, v.	to hear, to listen
vyann, n.	meat
vini, vi-n, v.	to come

Idiomatic Expressions

Entrez, je vous en prie. (Antre, souple.)	(French) Please come in.
Kouman fê, exp.	How is it, how can it be, how come
Que desirez-vous? (Ki sa ou vle?)	(French) What would you like?

LESSON 13

ARRIVAL IN PORT-AU-PRINCE

I. PERCEPTION DRILL

A. Koute pa repete:

Se te yon fwa, de nèg ki rantre nan yon restoran, pou yo manje. Yo te grangou anpil, men yo pa-t gen kòb. Yo chita yo manje byen manje. Lè yo fi-n manje, yo tann kon mèt restoran an antre, tou le de kouri al fè rout yo. Yo pa peye. Manje sa-a pa kab fè byen pou yo. Se pou yo te jwenn yon lòt jan pou yo fè sa.

Kounyè-a repete aprè mwen.

B. Pattern: noun/noun phrase + *sa-a*

Koute epi repete:

Nèg la konn pale angle. Ki nèg? Nèg sa-a? Wi, nèg sa-a.

Blan an konn pale kreyòl. Ki blan? Blan sa-a.

Mai pratik la pa bon. E mai sa-a? Sa-a bon.

M-achte legum nan. Legum sa-a bon.

Liv sa-a pa pou mwen.

Replace the definite article with the demonstrative sa-a:

CUE

STUDENT(S)

Beuf la manje byen.

Beuf sa-a manje byen.

Oto-a pa pou mwen.

Oto sa-a pa pou mwen.

Duri-a bon ak poul.

Restoran an se yon bon restoran.

Lajan an la pou n-achte yon oto.

Rete tann sou galri-a.

Dlo-a pa bon pou bwè.

Machann nan pa vann roma.

Pwason an byen frè.

Chofeù-a travay boneù.

Msye-a kwaze M. Jones.

M-achte mai moulen an.

C. Pattern: noun or noun phrase + *sa-yo*

Koute epi repete:

M vle achte liv yo. Ki liv? Liv sa yo.
Machann yo vann deja. Machann sa yo vann deja.
Poul sa yo piti. Tout ti-moun sa yo se pitit mwen.

Replace the definite article (plural) with the demonstrative *sa yo*:

CUE

STUDENT(S)

Madanmm nan mande chè pou
poul yo.
Tout jounalis yo pale kreyòl.
Nèg la pran zouti yo.
Mache anba galri yo, ou a rive.
Kamyonèt yo pral Petyonvil.
Magazen yo louvri a neveù.
Klou yo pa ka sèvi.
Yo pa peye moulen yo.
Oto yo pa pou mwen.
Restoran yo se bon restoran.

Madanmm nan mande chè pou
poul sa yo.
Tout jounalis sa yo pale kreyòl.

D. *se te* = it/he/she was

Koute epi repete:

Lè nou te rive Plezans, nou t-al nan yon restoran.
Se te yon bon restoran. Nou te manje byen.
Lakasad te kontre ak Jones. Se te yon misyonè.

Transform the following sentences by using the form *se te*:

CUE

STUDENT(S)

Li te kontre yon jounalis
ameriken.
M te desann lavil yon
aprèmdi.
Li te voye yon depèch.

Se te yon jounalis ameriken
l-te kontre.
Se te yon aprèmdi m te
desann lavil.

M t-ap mande yon ranseyman.
 Makdonal te rive Plezans.
 Nou te blye liv nou.
 Yo te bwè byè.
 Li te achte yon pè soulye.
 Li t-ap pale kreyòl.
 Nou te rele yon kamyonèt Petyonvil.
 Yo t-al Anbasad Amerikèn.
 Li te manje roma ak duri.

E. Pattern: Repetition for emphasis

Koute epi repete:

Makdonal rive kay Pedro. Li grangou. Li chita l-manje byen manje.

Toma pa jwenn Chal lakay li. Li pa vle tann ni. Men li bezwen-n. Li tann ni byen tann.

Use the repetition of the verb for emphasis in the following sentences:

CUE

STUDENT(S)

Nou pa-t vle tounen.
 Toma travay anpil.
 Li manje pwason, mai moulen ak pwa rouj.
 Yo pale ak madanmm yo deuzeù.
 Nou reponn tou sa yo mande nou.
 Papa-m pa-t vle pòte Tijo.
 Nou pa-t vle aprann kreyòl.
 Makdonal bwè anpil duven ak byè.
 M mache tout lavil la.
 Li chèche yon kay tout aprèmdi-a.
 Tijo mize anpil.
 Yo achte anpil bagay lavil la.

Nou tounen byen tounen.
 Toma travay byen travay.

F. *kouri al fê rout.* Precede it with the cue, then add the appropriate word at the end:

CUE

STUDENT(S)

Makdonal
mwen
ti gason an
ou
yo
misyonè-a
pratik la
mwen
li
ti-moun yo
madanmm nan

Makdonal kouri al fê rout li.
M kouri al fê rout mwen.

G. Koute epi repete:

M bezwen achte yon liv. Ki sa pou-m fê?
Fò ou achte liv la. Se pou ou achte liv la.

Makdonal grangou. Ki sa pou-l fê? Fò-l manje. Se pou-l manje.

Se pou-n pale kreyòl tankou ayisyen. Se pou-n travay anpil.

Transform the following sentences, using the expression *se pou* 'must, have to, it is necessary to/that':

CUE

STUDENT(S)

Li ta vle manje.
M bezwen achte yon liv kreyòl.
Nou ta rete oto sa-a.
Yo ta manje duri ak pwa rouj.
Makdonal ta rele chofeù-a.
Ou ta bwè yon byè.
Li ta pran yon kamyonèt Kwa dè Boukè.
Ti-moun yo ta vle retounen boneù.

Se pou-l manje.
Se pou ou achte yon liv kreyòl.

Nèg sa-a ta vle aprann franse.
 M ta manje patat ak vyann beùf.
 Misyonè-a telefone madanmm ni.
 M ta voye lajan pou ti-moun yo.

H. Koute epi repete:

M wè msye ak madanm Chal. M wè tou le de. Machann nan gen de poul.
 Manman-m achte tou le de. Chal gen yon tounvis, li gen yon mato. Li pòte tou le de zouti yo.

Make the necessary changes. Use the expression *tou le de*, 'both':

CUE	STUDENT(S)
Chal pòte tounvis, li pòte mato.	Li pòte <u>tou le de</u> .
Manman-m achte de poul.	L-achte <u>tou le de</u> .
M resevwa de liv kreyòl.	
Nou manje poul, nou manje roma.	
Li bwè dlo, li bwè byè.	
Tijo sanble papa-l ak manman-n.	
M gade Ti-Mari, m gade Tijo.	
Ou montre katedral la, ak biro depèch la.	
Nou tann Gabi ak Anita.	
Yo jwenn beùf la, yo jwenn poul la.	
Li moulen mai-a ak duri-a.	
Ou telefonnen madanmm ou avèk manman ou.	

I. Koute epi repete:

Makdonal: He, stòp!

Lwi: Ki sa ki genyen?

Makdonal: Ki rout pou-m fè pou m-ale Plezans?

Lwi: Men, ou fèk pase Plezans.

Makdonal: M pa-t konn sa. Mèsi anpil. Men, ou pale angle byen?

Lwi: Wi, monchè. M pale pagnòl, italyen ak alman tou. Ki lang ou pale?

Makdonal: Mwen-mènm m pale pòtugè, chinwa ak japonè.

Lwi: Kounyè-a, se pou tout moun pale anpil lang.

Makdonal: Wi monchè. M-ale.

Lwi: Mèsi.

J. Koute epi repete:

M mache anpil jodi-a. Ban-m fè yon ti chita,
-Vi-n pran sa-a pou mwen,

Men, m fèk chita.

Bonjou manman.

-Bonjou Tijo. Al chèche dlo pou mwen.

Men, m fèk rive.

Makdonal te fèk pase Gonaiv, leù-l kontre Lwi.

Use the auxiliary *fèk* in the following sentences to indicate an immediate past action:

CUE

STUDENT(S)

Li peye kay la.

Li fèk peye kay la.

Madanmm mwen telefone-m.

Madanmm mwen fèk telefone-m.

Y-aprann kreyòl.

M-antre sot lavil.

Makdonal bwè yon byè.

Ti-moun yo desann lapòs.

Ti gason an fi-n manje.

Nou jwenn beuf la.

M pran paspò-a.

Li kontre Gabi ak Toma.

Yo resevwa jounalis la.

Machann nan sòt moulen duri.

- K.** Students ask the question *Ki lang ou pale?* of each other.
The answer is determined by the cue word:

CUE	STUDENT(S)
chinwa	M pale <u>chinwa</u> .
italyen	M pale italyen.
franse	
japonè	
angle	
alman	
kreyòl	
pòtugè	
rus	
pagnol	
italyen	
chinwa	

II. DIALOGUE

Arrival in Port-Au-Prince

Scene: Mai Gate, Haiti's international airport

Characters: Leon, a Pan American employee
MacDonald, an American journalist

Situation: MacDonald has just arrived at Mai Gate Airport. After he got off the plane, he lost his way in the airport terminal.

Leon: Sir!

MacDonald: What do you want?

Leon: Oh! You know how to speak Creole?

MacDonald: Of course, my friend.

Leon: No kidding, you speak it like me. Here, it's for employees only.
Where do you want to go?

MacDonald: I just got off the Pan American airplane. I don't know where to go.

Leon: Follow me. It's in the immigration office you must show your passport.
Do you see that gate, Gate No. 1? It's there.

MacDonald: And where is Customs?







Leon: It's at Gate No. 2. It's where they inspect the luggage, suitcases and those things.

MacDonald: Are you working at the immigration office?

Leon: No, I'm a Pan American employee.

MacDonald: Thanks a lot, my friend. We'll see each other.

Leon: Bye!



Arrival in Port-au-Prince

Makdonal, jounalis ameriken an, rive Pòtoprens nan aeropò Mai Gate. Leù li desann avyon an, li pèdu rout li nan aeropò-a.

Leon: Sir!

Makdonal: Ki sa ou vle?

Leon: O, o! Ou konn pale kreyòl?

Makdonal: Men wi, monchè.

Leon: San repròch ou pale-l tankou-m. Isit, se pou anplwaye seùlman.
Kote ou vle ale?

Makdonal: M fèk debake nan Pann Amerikann nan. M pa konn ki kote pou m-ale.

Leon: Suiv mwen. Se nan imigrasyon pou ou montre paspò ou. Ou wè pòt sa-a, pòt numero un an? Se la.

Makdonal: E ki kote ladwann nan ye?

Leon: Li nan pòt numero de. Se la yo verifye bagaj pasaje yo, valiz, malèt, bagay sa yo.

Makdonal: Se nan imigrasyon ou ap travay?

Leon: Non, m se anplwaye Pann Amerikann.

Makdonal: Mèsi anpil monchè. N-a wè.

Leon: Babay.

Dialogue Buildup

aeropò
 Mai Gate
 aeropò Mai Gate

airport
 Mais Gate (Literally, spoiled corn)
 Mais Gate Airport (Haiti's
 International Airport)

rive Pòtoprens
 jounalis la
 jounalis ameriken an
 Makdonal, jounalis ameriken
 Makdonal, jounalis ameriken an,
 rive Pòtoprens, nan aeropò
 Mai Gate.

arrives in Port-au-Prince
 the journalist
 the American journalist
 MacDonald, the American journalist
 MacDonald, the American journalist,
 arrives in Port-au-Prince at Maïs
 Gate Airport.

aeropò
 aeropò-a
 nan aeropò-a
 rout li
 li pèdu
 li pèdu rout li
 li pèdu rout li nan aeropò-a

airport
 the airport
 in the airport
 his way
 he loses
 he loses his way
 he loses his way in the airport

avyon
 avyon an
 desann
 li desann avyon an
 Leù li desann avyon an, li
 pèdu rout li nan aeropò-a.

plane
 the plane
 to get off
 he gets off the plane
 When he gets off the plane
 he loses his way in the airport.

vle
 ou vle
 ki sa
 Ki sa ou vle?

to want
 you want
 what
 What do you want?

kreyòl
 pale kreyòl
 konn
 O,o! Ou konn pale kreyòl?

Creole
 to speak Creole
 to know
 Oh! You know how to speak Creole?

monchè
wi
men
Men wi, monchè.
tankou
tankou-m
ou pale-l tankou-m
san repròch
San repròch, ou pale-l tankou-m.

isit
anplwaye
se pou anlwaye seùlman
Isit, se pou anlwaye seùlman.

ale
vle ale
ou vle ale
Kote ou vle ale?

Pann Amerikann
Pann Amerikann nan
nan Pann Amerikann nan
debake
fèk
M fèk debake nan Pann Amerikann nan.

ale
pou-m ale
ki kote
konn
M pa konn ki kote pou m-ale.

suiv
Suiv mwen.

my friend
yes
but
Of course, my friend.
like
like myself
you speak it like me
no kidding
No kidding, you speak it like me.

here
employee
it's for employees only
Here, it's for employees only.

to go
to want to go
you want to go
Where do you want to go?

Pan American
The Pan American
from the Pan American
to land
to have just
I just got off the Pan American airplane.

to go
for me to go
where
to know
I don't know where to go.

to follow
Follow me.

imigrasyon
 se nan imigrasyon
 paspa
 paspa ou
 ou montre
 pou ou montre paspa ou
 Se nan imigrasyon pou ou montre
 paspa ou.

pòt sa-a
 ou wè
 un
 numero un
 pòt numero un an
 Ou wè pòt sa-a, pòt numero un an?

Se la.

ladwann
 ladwann nan
 ki kote ladwann nan ye?

numero de
 pòt numero de
 nan pòt numero de
 Li nan pòt numero de.

bagay
 bagay sa yo
 malèt
 valiz
 valiz, malèt, bagay sa yo
 pasaje
 pasaje yo
 bagaj
 bagaj pasaje yo
 verifye
 yo verifye
 se la
 Se la yo verifye bagaj pasaje
 yo, valiz, malèt, bagay sa yo.

immigration
 it's in immigration
 passport
 your passport
 you show
 for you to show your passport.
 It's in the immigration office
 you must show your passport.

that door
 you see
 one
 number one
 the gate number one
 Do you see that gate, gate No. 1?

It's there.

customs
 the customs
 And where is Customs?

number two
 gate number two
 at gate number two
 It's at gate No. 2.

thing
 those things
 suitcase
 suitcase
 suitcases, those things
 passenger
 the passengers
 baggage, luggage
 the passenger's luggage
 to check, to inspect
 they check, they inspect
 it's there
 It's there they inspect the
 luggage, suitcases, and those things.

travay
ou travay
ou ap travay
imigrasyon
nan imigrasyon
Se nan imigrasyon ou ap
travay?

to work
you work
you are working
immigration
at immigration
Are you working at the
immigration office?

Pann Amerikann
anplwaye Pann Amerikann
m se
Non, m se anlwaye Pann Amerikann.

Pan American
Pan American employee
I'm
No, I'm a Pan American employee.

monchè
Mèsi anpil, monchè

my friend
Thanks a lot, my friend.

wè
nou wè
N-a wè.
Babay.

to see
we see
We'll see each other.
Bye!

III. GRAMMAR DRILLS

Tape No. 13-B

A. Lexical Variation Exercises

1. Basic question:

Ou pale kreyòl?
 franse
 pangnòl
 angle
 pòtugè
 alman

Ou pale kreyòl?
 Ou pale franse?

2. Basic sentence:

Wi monchè, m fèk debake.
 sòti
 manje
 rive
 rantre
 desann
 monte
 chita

Wi monchè, m fèk debake.
 Wi monchè, m fèk sòti.

3. Basic sentence:

Nan pòt numero un an.
 de-a
 twa-a
 kat la
 senk la
 sis la
 sèt la
 uit la
 neùf la
 dis la

Nan pòt numero un an.
 Nan pòt numero de-a.

4. Basic sentence:

Nan pòt numero de, se
pou ou bay chèk la.
resevwa lajan

chanje lajan
depoze lajan
depoze chèk
verifye bagaj

Nan pòt numero de, se pou
ou bay chèk la.
Nan pòt numero de, se pou
ou resevwa lajan.

5. Basic sentence:

M poko prezante-m.
papa-m
madanmm mwen
frè-m
seù-m
tonton-m
matant mwen
mwen

M poko prezante-m.
M poko prezante papa-m.

B. Grammar Exercises

1. Add the demonstrative noun marker to the following nouns.

bra-a
zouti-a
anplwaye-a
msye-a
lajan an
tonton an
magazen an
proprietè-a
chen an
pitit la
bank la
malèt la
ladwann nan
madanmm nan
moun nan

bra sa-a
zouti sa-a

2. Replace the definite by the demonstrative noun marker in the following sentences.

L-ap chèche restoran an.
Yo jwenn valiz la.

L-ap chèche restoran sa-a.
Yo jwenn valiz sa-a.

Li wè moun nan. Ki kote valiz la ye?
Ki ba m-a jwenn aeropò-a?
Li te pòte zouti-a.

3. Replace the demonstrative by the definite noun marker.

Telefòn sa-a mache?
Ou wè pòt sa-a?

Telefòn nan mache?
Ou wè pòt la?

Yo jwenn restoran sa-a.
L-ap chèche lèt sa-a.
M te pòte zouti sa-a.
Nou blye rout sa-a.
Ki kote m kab jwenn
kamyonèt sa-a?
Ki kote ou wè moun sa-a?
Restoran sa-a bon?
Anplwaye sa-a pale angle?

4. Change the noun phrase to the plural.

Ki kote magazen sa-a ye?
Ki kote kay sa-a ye?
Ou wè gason sa-a?
Ou wè kazèn sa-a?
Yo pa jwenn lèt la.
Li te chèche valiz sa-a?
Nou pa te manje bagay sa-a.
M mande li ransèyman an.

Ki kote magazen sa-yo ye?
Ki kote kay sa yo ye?

5. Change the noun phrase to the singular.

Li wè ru sa yo?
Yo ban-m valiz yo.
Nou te lwe oto sa yo.
Li jwenn paket yo.

Li wè ru sa-a?
Yo ban-m valiz la.

Ou pòte zouti sa yo?
M-a seye pwason sa yo.
Kite-m seye patat yo.
Ou vle pòte nòt sa yo ban mwen?

6. Replace the definite by the demonstrative noun marker.

Ou wè kay la?
M pa wè legliz la.

Ou wè kay sa-a?
M pa wè legliz sa-a.

L-ap pòte lèt yo.
Y-ap pòte pwason an?
M pa vle manje bagay la.
N-ap pran pakèt yo.
Yo pa jwenn pitit yo.
Li mande ransèyman an.

7. Replace the verb particle by fèk.

N-ap fè yon ti vire
nan mache-a.
Li te telefonnen-m.
Ou te vire a gach.
L-ap voye yon depèch.
Li te sòti ak ti-moun yo.
Y-a ouvri valiz mwen ak malèt mwen.
Li te rive O Kap.
L-ap resevwa let mwen.

Nou fèk fè yon ti vire
nan mache-a.
Li fèk telefonnen-m.

C. Translation - Test

1. I learned to speak Creole in the United States.
2. Follow him. He will show you the way.
3. Where is gate number two?
4. Customs is at gate number three.
5. That's where you change money.

M-aprann pale kreyòl Ozetazini.
Suiv li. L-a montre ou rout la.
Ki kote pòt numero de ye?
Ladwann nan nan pòt numero twa.
Se la pou ou chanje lajan.

- | | |
|------------------------------------------------------------|----------------------------------------|
| 6. We just arrived here. | Nou fèk rive isit. |
| 7. You can deposit the money
in the bank. | Ou kab depoze lajan an
nan bank la. |
| 8. I'll introduce her to you. | M-a prezante ou li. |
| 9. She hasn't introduced
her brother yet. | Li poko prezante frè li. |
| 10. We lost our way. | Nou pèdi rout nou. |
| 11. They just landed at the airport. | Yo fèk debake nan aeropò-a. |
| 12. We met an American
journalist. | Nou kontre yon jounalis
ameriken. |
| 13. Has this person just landed? | Moun sa-a fèk debake? |
| 14. That gate is the customs desk. | Pòt sa-a se ladwann nan. |
| 15. Do you know that child? | Ou konnen pitit sa-a? |
| 16. The woman doesn't speak French. | Madanmm nan pa pale franse. |
| 17. Do you see the gate?
That's where you have to go. | Ou wè pòt la? Se la pou
ou ale. |
| 18. Where's the office?
(previously mentioned) | Ki kote biro-a ye? |
| 19. I haven't found the
suitcase (previously mentioned) | M pa jwenn valiz la. |
| 20 He showed me the passport. | Li te montre-m paspò-a. |

Independent Study

Go to the library. There, continue to read the books you have chosen for your reports. Take notes.

IV. LEKTU

Tape No. 13-C

A. Listen to and Repeat the Narration

Sa ki pase devan je ou se sa ou kab wè.

Se te yon fwa de nèg ki pa te genyen kòb pou yo manje. Yo rantre nan yon restoran. Epi yo manje byen manje. Leù yo fi-n manje, tou le de rete chita ap jplede. Yo plede, yo plede, yo plede.

Epi yonn di, 'Se mwen k-ap peye.' Lòt la di, 'Non, se mwen mèn m k-ap peye, monchè.' Epi mè restoran an di kon sa, 'Fò nou fè yon bagay.' Alò mesye yo di li, 'Bande je ou, epi ou a vire ak yon baton. Moun baton an tonbe sou li leù ou a rete se moun sa-a ki pou peye.' Mèt restoran an di, 'Bon, an-n fè sa.

Epi mè restoran an bande je li. Leù li fi-n bande je li, li vire ak baton an pluzyeù fwa. Men leù li rete, li ouvri je li, li pa wè. Nèg yo te kouri al fè rout yo.

Note on the Narration

Sa ki pase devan je ou se sa ou kab wè. 'You can only see what takes place in front of your eyes.' Haitians, particularly country people, are very fond of proverbs and riddles, and they use Creole proverbs frequently to comment on specific events and situations. To speak Creole well also entails the ability to use proverbs appropriately.

B. Questions on the Narration

1. De nèg sa yo te genyen anpil lajan?
2. Ki kote nèg yo ale?
3. Pou ki sa yo te ale nan restoran an?
4. Yo manje anpil? (Use the repetition of manje in your answer)
5. Leù yo fini manje, sa yo fè?
6. Yo plede pou decide ki moun k-ap peye?
7. Sa nèg yo di mè restoran an?
8. Ki moun ki bande je li?
9. Sa li fè ak baton an?
10. Leù baton an tonbe sou yon moun, sa pou li fè?

11. Mèt restoran an te bande je li?
12. Sa de nèg yo te fè leù mèt restoran an vire ak baton an ak je li tou bande?
13. Yo sòti nan restoran an?
14. Yo peye pou manje-a?
15. Se yon bagay pou yo te fè?

C. Question-Answer Drill

- | | |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------|
| <ol style="list-style-type: none"> 1. Ki moun ki fèk vini?
(Msye Makdonal) 2. Ki moun ki fèk debake?
(journalis ameriken an) 3. Ki moun ki fèk sèvi roma-a? (Anaiz) 4. Sa Msyeú Makdonal fèk ouvri? (valiz li) 5. Sa anplwaye Pann Amerikann nan fèk montre li? (ki kote ladwann nan ye) 6. Ki moun ki fèk telefonnen? (papa-m) 7. Ki moun ki fèk ba ou depèch la? (anplwaye sa-a) 8. Sa ou fèk manje? (duri ak pwa kongo) 9. Sa ou fèk bwè? (dlo) | <p>Se Msye Makdonal ki fèk vini.</p> <p>Se jounalis ameriken an ki fèk debake.</p> |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------|

D. Response Drill

- | | |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <ol style="list-style-type: none"> 1. Say that you've just arrived. 2. Say that the plane has just arrived at Mai Gate Airport. 3. Say that your brother has just entered 4. Say that they just opened suitcase. 5. Ask me if I've just eaten. 6. Ask me if I've just sent a cable to the United States. 7. Ask me if my uncle has just received your letter. 8. Ask me if the American journalist has just landed at Port-au-Prince. | <p>M fèk rive.</p> <p>Avyon an fèk rive aeropò Mai Gate.</p> <p>Frè-m fèk antre.</p> <p>Yo fèk ouvri valiz mwen. yonr Ou fèk manje?</p> <p>Ou fèk voye yon depèch Ozetazini?</p> <p>Tonton ou fèk resevwa lèt mwen?</p> <p>Jounalis ameriken an fèk debake Pòtoprens?</p> |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|

E. Translation

- | | |
|------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------|
| 1. Does this telephone work? | Telefonn sa-a mache? |
| 2. Do these camionettes go to Pétionville? | Kamyonèt sa yo ale Petyonvil? |
| 3. These banks always close at one p.m. | Bank sa yo toujou fèmen a uneù d-laprèmdi. |
| 4. That telegraph office always opens at eight a.m. | Biro telegraf sa-a toujou ouvri a uiteù du maten. |
| 5. The person always goes out at nine a.m. | Moun nan toujou sòti a neveù du maten. |
| 6. The children always come in at four p.m. | Ti-moun yo toujou rantrè a katrèu d-laprèmdi. |
| 7. When does the owner of the house come? | A ki leù mè kay la vini? |
| 8. When does the journalist arrive? (previously mentioned) | A ki leù jounalis la rive? |

V. GRAMMAR NOTES

A. Demonstrative Noun Marker

Compare:

pòt la	the door
pòt sa-a	this door
anplwaye-a	the employee
anplwaye sa-a	this employee

In Creole, the noun marker specifying nearness to the speaker (equivalent to English 'this') is formed by inserting *-sa-* between the noun and the definite noun marker. The use of the demonstrative noun marker thus presupposes the use of the definite noun marker:

Noun + demonstrative + definite.

Since the demonstrative noun marker *sa* ends with a vowel, the appropriate form of the definite noun marker which follows is *-a-*. Thus, in contrast to the definite marker which has four different forms depending on the last sound of the word, the demonstrative noun marker occurs in a single form.

B. Plural Demonstrative Noun Marker

The demonstrative noun marker is pluralized by replacing the definite noun marker *-a* which follows it by the plural marker *yo*. Compare:

Yo wè pòt la.	They see the gate.
versus	
Yo wè pòt yo.	They see the gates.
Yo wè pòt sa-a.	They see that gate.
versus	
Yo wè pòt sa yo.	They see those gates.

C. Verb Particle *fèk* 'to have just'

Compare the following paired sentences:

M manje.	I have eaten.
versus	
M fèk manje.	I have just eaten.

The particle *fèk* indicates an action just completed. It may be preceded by the past perfective particle *te* and, occasionally, by the future and conditional particles *a* and *ta* respectively:

M te fèk rive leù ou rele mwen.	I had just arrived when you called me.
---------------------------------	----------------------------------------

D. The Verb /se/

We have already seen that in the simplest Haitian Creole sentence construction the verb 'to be' is understood. In the following examples, it is expressed by *se*. Sentence 1, *Se yon bèl kay*, is an impersonal construction which tends to highlight the adjective 'beautiful'. Such constructions are always in the 3rd person (singular or plural), and their attribute is preceded by a determiner and/or a modifier. In sentence 2, the pronoun subject is optional because it refers to people. Sentences 3 and 4 illustrate the pronominal qualities of the verb *se* where it precedes a tense marker (*ta*) or the negative particle (*pa*). In this kind of construction, the pronoun */li/* is embedded in the verb 'to be'.

- | | |
|-------------------------|--------------------------------|
| 1. Se yon bèl kay. | It's a beautiful house. |
| 2. (Yo) se bon ti-moun. | They are good children. |
| 3. Se ta yon bèl kay. | It would be a beautiful house. |
| 4. Se pa yon bèl kay. | It's not a beautiful house. |

E. Kòb

Yon kòb may mean 'one cent' or 'some money', depending on the context.

Si ou ba-m yon kòb m-a kite ou ale.

(If you give me some money, I will let you go.)

To avoid ambiguity, most people say *yon santim* for 'one cent'.

Kòb also means 'fortune' and 'lot(s) of money'.

Li gen kòb. (He has a lot of money.)

When two heirs or rich people marry (each other), the Creole says

Se de kòb ki kontre (lit.: 'It is two fortunes that meet').

VI. VOCABULARY

aeropò, n.	airport
alman, n.; adj.	German
ankò, adv.	yet, again
anplwaye, n.	employee
antre, rantre, v.	to go in, to return
avyon, n.	plane, airplane
babay!	Bye'
bagaj, n.	baggage
bande, v.	to tie
bande je (s.o.)	to blindfold
baton, n.	stick, cane
chanje, v.	to change
chèk, n.	check
chinwa, n.; adj.	Chinese
debake, v.	to land, to unload, to disembark
depoze, v.	to deposit; to set/put down
desann, v.	to get off
deside, v.	to decide
dwa-m, ladwa-m, ladwanm, m	customs
fèk, (aux.)	to have just
fwa, n.	time (repetition ,occurrence)
frè, n.	brother
gate, v.	to spoil
imigrasyon, n.; adj.	immigration
in, un, num.adj.	one
italyen, n.; adj.	Italian
japonè, n.; adj.	Japanese
je, zye, zie, n.	eye
kazèn, n.	barracks
kòb, n.	money, cent, fortune, lot of money
kouri, v.	to run
kouri ale fè rout, refl. v. phr.	to run away, (lit., to run to go to make one's way)

ladwann, ladwa-n, dwa-n, n. mache, v.	customs to work, to function
malèt, n. matant, tant, n.	suitcase aunt
nonk, tonton, n. numero, n.	uncle number
paket, pake, n. pasaje, n. pase, v. paspò, n. plede, v. pluzyeù, adj. pòt, n. pòtuge, n.; adj. prezante, v.	package, bundle passenger to take place, to happen passport to argue several gate, door Portuguese to introduce, to present
rantrè, antrè, v. resevwa, resevwa, v. rus, n.; adj.	to go in, to return to receive Russian
santim, n. sè, seù, n. suiv, v.	cent sister to follow
tankou, conj. tonbe, v.- tonton, n. tou le de, n. phr. un, en, num.adj.	like to fall uncle, old man both, both of them one
valiz, n. verifye, v.	suitcase to check, to inspect
zie, zye, je, n.	eye(s)

Idiomatic Expressions

Se te yon fwa

Once upon a time
(lit., It was one time)

LESSON 14

PASSPORT CHECK

I. PERCEPTION DRILL

A. Situation: Makdonal fèk debake Mai Gate. Li nan imigrasyon. Koute sa l-ap di ak kontroleù-a:

Kontroleù: Ban-m paspò ou.

Makdonal: Men ni.

Kontroleù: Kote-l?

Makdonal: Apa paspò-m nan.

Kontroleù: Mèsi. M wè ou se jounalis.

Makdonal: Wi monchè, e ou, ki sa ou ye?

Kontroleù: M se kontroleù sèvis paspò-a. Men paspò ou la. Tout bagay ou an règ. M pral montre ou kote pou ou pran "on" (yon) lalign pou ou al a lotèl. Ou ka pase achte sigarèt tou.

Makdonal: Bon, an-n ale.

An nou repete sa kontroleù-a ak Makdonal sot di. Students repeat the dialogue line by line.

B. Koute epi repete:

Kot imigrasyon an? - Men ni devan ou.

E kote bagaj ou? - Men yo bò pòt la.

Kote sigarèt ou achte yo? - Men yo nan pòch mwèn.

M pral telefonnen Lwi. -Ou pa bezwen telefòn-l, men l-ap vini la-a.

Use the word men 'here is, here are' with the nouns in the following sentences:

CUE

STUDENT(S)

M fèk achte patat.

Men patat yo.

M sot bwè yon kola.
Li mande pòm de tè.
Nou vle duven.
Yo ta bwè byè.
Yo sèvi nou pwason.
M te vle vyann beuf.
Anaiz sèvi Makdonal roma.
Li ba nou yon bon repons.
Nou ta manje pwa kongo.
M bezwen de goud.
M wè Makdonal.

Men kola-a.

C. Use the word *apa* 'here is', 'here are' with the nouns of the following sentences:

CUE

STUDENT(S)

M ta bwè kokoye.
M ta pale ak profeseù-a.
M vle kontinue ak oto-a.
M ta lwe kay la.
M vle fè konesans jounalis la.
M vle manje mai moulen.
M ta sèvi-l patat ak vyann.
M ta achte yon malèt.
M ta moulen vyann nan.
M vle debake Pòtoprens.
M ta vle ale imigrasyon.
M ta vle verifye valiz mwen.

Apa kokoye, bwè non.
Apa profeseù-a, pale ak li non.

D. Pattern: noun + possessive + definite (singular/plural)

EXCEPTION: noun + *yo*, (never noun + *yo* + *yo*)

Koute epi repete:

Men liv la. Se liv mwen. M-ap pran liv mwen an. Se pa liv ou-a.

But: Men mato-a. Se mato nou. N-ap pran mato nou an.

E. Use the possessive plus the definite singular noun marker.

Remember: The definite singular marker varies according to the last sound of the possessive.

CUE	STUDENT(S)
M pran liv la.	M pran liv <u>mwen an</u> .
Li pòte mato-a.	<u>Li</u> pòte mato- <u>l la</u> .
Nou chanje chèk la.	
Yo depoze baton an.	
M gate frè-a.	
Nou prezante tonton an.	
Li suiv sè-a.	
Li rantre valiz la.	
Yo pran senk goud la.	
Nou peye beùf la.	
Mwen bwè duven an.	
Yo louvri pòt la.	

F. Use the definite plural.

Remember: The possessive *yo* is never followed by the definite plural *yo*.

CUE	STUDENT(S)
Nou bwè kokoye yo.	Nou bwè <u>kokoye-n yo</u> .
Li rantre valiz yo.	Li rantre <u>valiz li yo</u> .
Yo pran baton yo.	
M blye chen yo.	
Li kite poul yo.	
Nou tande moulen yo.	
M pran malèt yo.	
Yo retounen chèk yo.	
M gen kokoye yo.	
M chanje kestyon yo.	
Li repete repons yo.	
Yo konte lajan yo.	
Nou make beùf yo.	

G. Pattern: *Annou/An-n* = let's (imperative)

Koute epi repete-

Nou grangou. Manje-a sèvi. An-n/Annou manje.
Nou vle al lavil. Yon lalign rete pou nou. An-n al lavil.
Nou swaf. Men dlo devan nou. Annou/An-n bwè dlo.
Nou bezwen telefone. Men yon telefòn isit la. Annou/An-n telefonnen.

H. Use the imperative form *Annou* or *An-n* (let's) with the following verbs:

CUE

STUDENT(S)

Nou vle tounen Enstiti
franse.

Annou (An-n) tounen
Enstiti franse.

Nou vle bwè lèt.

An-n (Annou) bwè lèt.

Nou vle chanje kay.

Nou vle lwe biro sa-a.

Nou vle desann lavil.

Nou vle depoze pakèt la.

Nou vle al fè rout nou.

Nou vle pase Anbasad amerikèn.

Nou vle vann poul yo.

Nou vle telefonnen manman nou.

Nou vle reponn lèt profeseù-a.

Nou vle suiv madanm nan.

I. Koute epi repete:

M se etudyan. M pa kiltivateù.

Li se dokteù. Li pa chofeù.

Eske nou se kiltivateù? - Non, nou pa kiltivateù. Eske nou se etudyan? - Wi, nou se etudyan.

J. Change the last word according to the cue word, then render the sentence in the negative:

CUE	SENTENCE	NEGATIVE
etudyan	<u>M se</u> etudyan.	<u>M pa</u> etudyan.
profeseù	<u>M se</u> profeseù.	<u>M pa</u> profeseù.
kultivateù		
chofeù		
kontroleù sèvis paspò		
jounalis		
bòs		
anplwaye Pann Amerikann		
ameriken		
machann		
ayisyen		

K. **Pattern: subject + se + noun = Se + noun + subject + ye**

Koute epi repete:

M <u>se</u> profeseù.	<u>Se</u> profeseù mwen ye.
Nou se etudyan.	Se etudyan nou ye.
<u>Se</u> dokteù li ye.	<u>Se</u> pa chofeù li ye.
Se kultivateù li ye?	Non, se pa kultivateù li ye.
Eske yo Pòtoprens?	Men wi, se Pòtoprens yo ye.
Li isit?	Men wi, se isit li ye.

L. **Render in the emphatic form with se...ye:**

CUE	STUDENT(S)
Nou se etudyan.	Se etudyan nou ye.
Li pa kultivateù.	<u>Se</u> pa kultivateù li ye.
Yo an Aiti.	
M-isit.	
Yo se dokteù.	
M pa chofeù.	
Nou pa chen.	
Li lavil.	

Nou se ameriken.
M se profeseù.
Ou pa kontroleù sèvis paspò.
Yo pa anplwaye Pann Amerikann.
Nou Pòtoprens.
M pa Ayisyen.

M. Koute epi repete:

Se yon bon liv. "S-on" bon liv.

M gen yon ti poul lakay. M "g-on" ti poul lakay.

Madanm mwen fè yon pwa kongo ak duri.

Madanm mwen fè "on" pwa kongo ak duri.

N. Repeat the following sentences and replace *yon* with "*on*":

CUE

M wè yon ti beuf.
Li gen yon bon liv.
Se yon dokteù.
Nou bwè byè.
Li change yon chèk.
Se yon profeseù kreyòl.
Yo gen yon pitit gason.
M konnen yon provèb.
Yo manje yon poul.
Se yon machann legum.
Nou gen yon oto.
Li se yon jounalis.
M gen yon valiz.

STUDENT(S)

M wè "on" ti beuf.
Li "g-on" bon liv.

II. DIALOGUE

Passport Check

Scene : At the Passport Control Counter in Mai Gate

Characters : Inspector No. 1 - Passport Control inspector
MacDonald, the American journalist
Inspector No. 2 - Customs inspector

Situation : Thanks to Leon, the Pan American employee, MacDonald arrives at the passport desk. Now he is in front of the controller.

Inspector No. 1: Your passport, please.

MacDonald: Here it is.

Inspector No. 1: What did you say?

MacDonald: Didn't you ask me for my passport? I said: Here it is.

Inspector No. 1: No kidding! You sure do know how to speak Creole! Have you already been in this country?

MacDonald: No, sir. It's the first time I've visited Haiti.

Inspector No. 1 : Oh, man! I'm surprised! Here is your passport. Everything's in order. Go for inspection.

MacDonald finishes taking care of the passport business. He is now at Gate No. 2, Customs, for inspection.

MacDonald: Is it here they check the luggage?

Inspector No. 2: Yes, sir. Where are your suitcases?

MacDonald: Here they are.




Inspector No. 2: Open them for me. (He checks them) Everything's in order. You may go.

MacDonald: Where can I find a taxi?

Inspector No. 2: As soon as you go out, you'll find one.

MacDonald, : Thanks, sir.

Inspector No. 2: Don't mention it.



Passport Check

Gras a Leòn, anplwaye Pann Amerikann nan, Makdonal rive nan sèvis paspò-a.
Koulyè-a li devan kontroleù-a.

Kontroleù No. 1: Your passport please.

Makdonal: Men ni.

Kontroleù No. 1 : What did you say?

Makdonal: Apa paspò-m ou mande-m? M di: Men ni.

Kontroleù No. 1: Pa jwe! Apa ou konn pale kreyòl! Ou te nan peyi-a deja?

Makdonal: Non msye. Se premye fwa m-ap vizite Aiti.

Kontroleù No. 1: Aa! M sezi, papa! Men paspò ou. Ou an règ. Al nan verifikasyon.

Makdonal fi-n regle afè paspò-a. Li nan pòt numero 2, ladwann, koulyè-a, pou verifikasyon.

Makdonal: Se isit la yo verifye bagaj yo?

Kontroleù No. 2: Wi msye. Kote malèt ou yo?

Makdonal: Men yo.

Kontroleù No. 2: Louvri yo pou mwen. (Li verifye yo) Tout bagay an règ. Ou kab ale.

Makdonal: Kote m kab jwenn you lalign?

Kontroleù No.2: Kou ou sot deyò-a, ou ap jwenn youn.

Makdonal: Mèsi msye.

Kontroleù No. 2: De ryen.

Dialogue Buildup

paspò-a
 sèvis paspò-a
 rive
 Makdonal rive nan sèvis
 paspò-a.

the passport
 the passport service
 to arrive
 MacDonald arrives at the
 passport control counter.

Pann Amerikann
 Pann Amerikann nan
 anplwaye Pann Amerikann nan
 gras a
 Gras a Leon, anplwaye Pann
 Amerikann nan, Makdonal
 rive nan sèvis paspò-a.

Pan American
 the Pan American
 the Pan American employee
 thanks to
 Thanks to Leon, the Pan
 American employee, MacDonald
 arrives at the passport control counter.

kontroleù-a
 devan
 Koulyè-a li devan kontroleù-a.

the inspector
 before, in front of
 He is now before the inspector.

Your passport please.

men
 Men ni.

here is
 Here it is.

What did you say?

apa
 paspò-m
 mande
 ou mande-m
 ou mande-m paspò-m
 Apa paspò-m ou mande-m?

isn't it, isn't it that, is there not
 my passport
 to ask
 you ask me
 you ask me for my passport
 Didn't you ask me for my passport?

di
 m di
 men
 men ni
 M di: Men ni.

to say
 I said
 here is
 here it is
 I said: Here it is.

jwe
Pa jwe!

to play
No kidding!

pale kreyòl
ou konn pale kreyòl
Apa ou konn pale kreyòl!

to speak Creole
You know how to speak Creole.
You sure do know how to speak Creole.

deja
peyi
nan peyi-a
Ou te nan peyi-a deja?

already
country
in the country
Have you already been in this country?

Non, msye.

No, sir.

vizite
m-ap vizite Aiti
premye
se premye fwa
Se premye fwa m-ap vizite Aiti.

to visit
I'm visiting Haiti (lit. I've visited Haiti)
first
it's the first time
It's the first time I've visited Haiti.

sezi
m sezi
Aa! M sezi papa!

to be surprised
I'm surprised
Oh, man! I'm surprised.

Men paspò ou.

Here is your passport.

règ
an règ
Ou an règ.

rule
in order (according to rule)
Everything's in order.

verifikasyon
Al nan verifikasyon.

inspection
Go for inspection.

fini
regle
fi-n regle
Makdonal fi-n regle afè paspò li.

to finish
to settle
has finished settling
MacDonald has settled his passport
business.

verifikasyon pou verifikasyon kounyè-a, koulyè-a ladwann pòt numero de Li nan pòt numero de, ladwann, koulyè-a, pou verifikasyon.	inspection for inspection now Customs gate number two He is at gate No. 2, Customs, now, for inspection.
bagaj yo yo verifye bagaj yo Se isit la yo verifye bagaj yo? Wi msye.	the luggage they check the luggage Is it here they check the luggage? Yes, sir.
malèt yo malèt ou yo Kote malèt ou yo? Men yo.	the suitcases your suitcases Where are your suitcases? Here they are.
louvri louvri yo Louvri yo pou mwen.	to open open them Open them for me.
Li verifye yo.	He checks them.
règ an règ bagay Tout bagay an règ.	rule in order thing Everything's in order.
ale ou ale Ou kab ale.	to go you go You may go.
lalign yon lalign jwenn kab jwenn Kote m kab jwenn yon lalign?	taxi a taxi to find can find Where can I find a taxi?

youn
ou ap jwenn youn
deyo
sòti
ou sot deyò
kou
Kou ou sot deyò-a, ou ap
jwenn youn.

Mèsi msye.

De ryen.

one
you'll find one
outside
to go out
you go out
as soon as
As soon as you go outside,
you'll find one.

Thanks, sir.

Don't mention it.

III. GRAMMAR DRILLS

Tape No. 14-B

A. Lexical Variation Exercises

1. Basic question:

Ou te nan peyi-a deja?
Ozetazini
an Frans
an Aiti
nan Nò
O Kap
Pòtoprens
nan sèvis sa-a

Ou te nan peyi-a deja?
Ou te Ozetazini deja?

2. Basic sentence:

Se premye fwa m-apvizite Aiti.
lè Zetazuni

le Kap
Petyonvil
Pòtoprens
peyi-a
lavil la
ladwann nan

Se premye fwa m-ap vizite Aiti.
Se premye fwa m-ap vizite
lè Zetazuni.

3. Basic question:

Ou se profeseù?
etudyan
chofeù
kontroleù
anplwaye Pann Amerikann
journalis
japonè

Ou se profeseù?
Ou se etudyan?

4. Basic sentence:

Men paspò ou.
 zouti yo
 malèt li-a
 valiz la
 sigarèt yo
 otèl yo
 anbasad amerikèn nan
 katedral la
 ru dè Mirak
 biro depèch la
 telegraf la
 Bank Nasyonal
 lapòs
 lakomu-n

Men paspò ou.
 Men zouti yo.

5. Basic sentence:

M-ap chèche yon moun ki
konn pale kreyòl.
 ki konn pale franse

M-ap chèche yon moun ki
konn pale kreyòl.
 M-ap chèche yon moun ki
konn pale franse.

ki konn pale pagnol ak angle
 ki pale alman
 ki pale angle byen
 ki pale italyen ak pòtugè
 ki konn Pòtoprens byen

B. Grammar Exercises**1. Answer the following questions using the cues:**

Li se profeseù. E ou mèn m?
 (chofeù)

M se chofeù.

M se etudyen. E li?
 (jounalis)

Li se jounalis.

Yo se ayisyen. E ou?
 (ameriken)

Ou se bòs. E yo?
 (kultivateù)

Li se franse. E mwen-mèn m?
 (ayisyen)

2. Replace the definite, possessive, or demonstrative noun marker by the indefinite noun marker.

M konnen restoran an.
L-ap chèche otèl sa-a.
L-ap pale ak jounalis la.
Ou wè mòn nan?
Yo pran valiz mwen.
Li te jwenn lèt la?
M fèk resevwa paspò-m.
Yo te fèk manje roma-a.

M konnen yon restoran.
L-ap chèche yon otèl.

3. Change to the short form. Drop the last vowel of the verb form and change *yon* to *on*.

M gen yon valiz ak yon
Se yon jounalis ameriken.
Se yon bon restoran.
Ou pa gen yon paspò?
Se yon bèl ti gason.
Yo pa gen yon machi-n.
Pa gen yon depèch pou ou.
Sa se yon kamyonèt ki pral Petyonvil.

M "g-on"valiz ak on malèt. malèt.
"S-on" jounalis ameriken.

4. Substitution-Correlation:

Ou konnen frè-m nan?
sè
papa
nou
matant
Yo
tonton
mwen

Ou konnen frè-m nan?
Ou konnen sè-m nan?

5. Substitution-Correlation:

Yo pral chèche valiz mwen an.
ou
nou
li
mwen

Yo pral chèche valiz mwen an.
Yo pral chèche valiz ou-a.

6. Add the singular definite noun marker to the noun phrase.

Yo jwenn malèt ou.
Li blye lèt li.
Ou konnen restoran yo?
Nou pran valiz nou?
Li mande paspò ou?
M pa wè chofèu li.
M ta vle machi-n yo.

Yo jwenn malèt ou-a.
Li blye lèt li-a.

7. Change the noun phrase to the plural.

Li te chèche valiz ou-a.
Ou te pòte zouti-m nan.
Chofèu sa-a pa kab pale franse.
Sa se pitit mwen an.
Ki kote m kab jwenn kamyonèt la?
Yo pa resevwa depèch li-a.
Ou te wè matant mwen an?

Li te chèche valiz ou yo.
Ou te pòte zouti-m yo.

8. Change the noun phrase to the simple definite.

Li mande paspò ou la?
Yo pa wè otèl sa-a?
Ou ba li pwason-m nan.
Ou pòte zouti ou yo?
Nou jwenn machi-n sa-a.
Li pral voye valiz ou-a.
Yo pale ak ameriken sa-a.
Yo pa vle manje roma ou la.

Li mande paspò-a?
Yo pa wè otèl la?

C. Translation

- | | |
|-------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------|
| 1. They're taking your passport. | Y-ap pran paspò ou la. |
| 2. Where does this aunt of yours live? | Ki kote matant ou-a rete? |
| 3. Where does this uncle of theirs live? | Ki kote tonton yo-a rete? |
| 4. Where did you see the restaurant? | Ki kote ou te wè restoran an? |
| 5. Let me try this fish of his. | Kite-m seye pwason-n nan. |
| 6. Let me see their suitcases. | Kite-m wè valiz yo. |
| 7. They'll send you my letters. | Y-a voye lèt mwen yo pou ou. |
| 8. She'll take your sweet potatoes. | L-a pran patat ou yo. |
| 9. Do you know a good restaurant? | Ou konnen you bon restoran? |
| 10. It's a thing that's not for me. | Se yon bagay ki pa pou mwen. |
| 11. I'm looking for the owner
of the restaurant | M-ap chèche mèt restoran an. |
| 12. Where can I find a camionette that's
going to Petionville? | Ki kote m kab jwenn yon
kamyonèt ki pral Petyonvil? |
| 13. Have you seen my suitcase? | Ou wè valiz mwen an? |
| 14. Did they take your passport
when you arrived? | Yo te pran paspò ou leù
ou rive? |
| 15. That's an inspector. | Se yon kontroleù. |
| 16. You can't send a cable
to the United States. | Ou pa kab voye yon depèch
Ozetazini. |

D. Test

- | | |
|------------------------------------------------------------|------------------------------------------------|
| 1. Say that Mr. MacDonald has
found his way. | Msyè Makdonal poko jwenn not yet
chemen ni. |
| 2. Ask where the passport
service inspector is. | Kote kontroleù sèvis
paspò-a ye? |
| 3. Say 'Please give him your passport.' | Ba li paspò ou tanpri. |
| 4. Say 'I'm not joking; here it is.' | M pap jwe; men ni. |
| 5. Ask whether it isn't your passport
he asked you for. | Apa paspò-m li te mande-m? |
| 6. Tell Mr. MacDonald's profession. | Li se jounalis. |
| 7. Tell on which document
his profession is written. | Li make nan paspò li. |
| 8. Say 'Your passport's
in order. Here it is.' | Paspò ou an règ. Men ni. |

- | | |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------|
| 9. Say that MacDonald has settled his business with the customs office. | Makdonal fini regle
afè li ak ladwann. |
| 10. Say that you will ask the inspector where I can find a taxi. | M-a mande kontroleù-a
kote ou ka jwenn yon lalign. |
| 11. Say that you're surprised he's not a professor.
(Use the emphatic pattern: <i>Se...ye</i>) | M sezi (ke) se pa profeseù
li ye. |
| 12. Say that you're an American and that you speak English. | M se ameriken e m pale
angle. |
| 13. Ask if that house is red. | Kay sa-a rouj? |
| 14. Say that you're visiting Haiti for the first time. | Se premye fwa m-ap vizite
Aiti. |
| 15. Ask Mr. MacDonald if he's ever been in that country. | Msye Makdonal, ou te
nan peyi sa-a deja? |

IV. NARRATION

Tape No. 14-C

A. Listen to the Narration

Se te yon fwa yon nèg ki te bezwen lumen sigarèt li. Li mete sigarèt la nan bouch li, epi li rale yon bwat alumèt.

Ala te genyen yon van kote li te kanpe-a, devan yon pisi-n. Se te yon gro van ki t-ap vante. Nèg la rale bwat alumèt la, epi li pase yon premye alumèt. Van an etenn ni. Li pase yon dezyèm alumèt. Van an etenn ni tou. Li pase mènmen ven grenn alumèt. Van an etenn tout alumèt yo. Li pa kapab lumen sigarèt la. Dènye grenn alumèt ki rete-a, li pase li.

L-ap prese pou lumen sigarèt la, epi li wè alumèt la rete lumen. Van an pase alumèt la pa etenn. Li souffle alumèt la fò, li pa kapab etenn ni. Alò li di kon sa, 'Alumèt sa-a bon, m-ap sere li.' Epi li foure li nan pòch li tou lumen. Se pou sa yo di "Sòt pa touye, men sòt fè sue".

B. Questions on the Narration

1. Sa nèg la te bezwen?
2. Ki kote li mete sigarèt la?
3. Li te genyen alumèt?
4. Nan ki sa alumèt yo te ye?
5. Sa ki te genyen jou sa-a?

6. Ki kote nèg la te kanpe?
7. Sa ki rive leu nèg la pase premye alumèt la?
8. Konben alumèt li pase?
9. Sa ki rive ak tout alumèt yo?
10. Ki sa li fè ak dènye alumèt la?

11. Van an pa etenn dènye alumèt ki rete-a?
12. Sa nèg la fè aprè li fi-n lumen sigarèt li ak dènye alumèt la?
13. Li kab etenn ni?
14. Sa li di leu li wè li pa kapab etenn alumèt la?
15. Sa li fè ak li?
16. Di provèb la pou mwen.

C. Translation

- | | |
|--------------------------------------------|---------------------------------|
| 1. The American is hungry. | Ameriken an grangou. |
| 2. The owner of the restaurant is pleased. | Mèt restoran an kontan. |
| 3. The child was very big. | Ti-moun nan te gro anpil. |
| 4. Bòs Alse is going to the post office. | Bòs Alse pral lapòs. |
| 5. They were at the telegraph office. | Yo te nan telegraf la. |
| 6. Was the job easy? | Travay la te fasil? |
| 7. Is the coca-cola cool? | Koka kola-a frè? |
| 8. That journalist is Frèch. | Jounalis sa-a se franse. |
| 9. I'm the owner of the restaurant. | M se mèt restoran an. |
| 10. That's the Pan American employee. | Se anplwaye Pann Amerikann nan. |
| 11. It's my brother. | Se frè-m nan. |
| 12. It's my children. | Se pitit mwen yo. |
| 13. I'm a Haitian. (emphatic) | Se ayisyen m ye. |
| 14. He's a doctor. (emphatic) | Se dokteù li ye. |

D. Exercises**1. Change to the emphatic form.**

Mwen se profeseù.
 Ou se jounalis?
 Yo se franse.
 Nou se ayisyen.
 Li se kontroleù?
 Yo se ameriken?
 Li se chofeù.
 Ou se franse.

Se profeseù m ye.
 Se jounalis ou ye?

2. Change to the non-emphatic form.

Se dokteù yo ye.
Se franse mwen ye.
Se profeseù ou ye.
Se ayisyen nou ye.
Se bòs li ye?
Se pa angle ou ye.
Se franse moun nan ye.
Se chofeù li ye.

Yo se dokteù.
Mwen se franse.

E. Response Drill

- | | |
|------------------------------------------------------------------|------------------------------------------|
| 1. Tell me that you're French. | M se franse. |
| 2. Tell me that he's a taxi driver. | Li se chofeù taksi. |
| 3. Tell me that he's an American. | Se ameriken li ye. |
| 4. Tell me that he's a Haitian. | Se ayisyen li ye. |
| 5. Ask me whether I'm a journalist. | Ou se jounalis? |
| 6. Ask me whether that person
is the owner of the restaurant. | Moun sa-a se mèt restoran an? |
| 7. Ask me whether they're French. | Yo se franse? |
| 8. Ask me whether we are Americans. | Se ameriken nou ye? |
| 9. Ask me whether he's a
cable office employee. | Se anplwaye biro tele-
graf la li ye? |

V. GRAMMAR NOTES

A. General Rules for Definite Articles

1. *a* after an oral vowel.
Ex: dlo-a, duri-a, pye-a, dèyè-a.
2. *la* after a non-nasal consonant.
Ex: kay la, liy la, depèch la, kamyonèt la.
3. *an* after a nasal vowel.
Ex: duven an, etudyan an, avyon an, chen an.
4. *nan* after a nasal consonant.
Ex: kazèn nan, vyann nan, madanm nan, changn nan.

B. Exceptions to Rules

1. When the sounds *ou*, *i* or *u* are preceded by a nasal consonant sound, the following definite article is *an* instead of *a*.
Ex: beùf ou-a, klou-a, frèdu-a, fizi-a.
but:
madanm ou an, beùf nou an, pitit ki tounu an, founi an.
2. When the sound *ou* is preceded by a nasal vowel, or by a nasal consonant followed by *i*, *u* or *ou*, it sounds like /w/ and the following definite article is *nan*.
Ex: chen ou nan, duven ou nan, baton ou nan, etudyan ou nan, founi ou nan, mu ou nan, jouroumou ou nan.

C. Pronunciation of yon/you

Yon/you is occasionally pronounced *on* after *se* or *gen*. It then has a long sound and only the consonant sound of the verbs remain.

D. The verb /se/

1. /Se/ represents the present tense of 'to be' when followed by an animate state of being (particularly profession and nationality).

Example:

M se profeseù.
Tout elèv yo se ameriken.
Pitit la se yon ti gason.
Yo se bon chyen.

I'm a teacher.
All the children are American.
The child is a little boy.
They are good dogs.

2. When the subject is expressed along with negation or a tense marker, the verb /se/ is lost.

Example:

Nou pa etudyen.
Nou te etudyen.

We are not students.
We were students.

E. The verb /ye/

The verb /ye/ is a form of 'to be' which must be preceded by a subject. It's always at the end of a dependent clause or a sentence. It can be modified by a tense marker or the negative *pa*. It occurs:

1. In the emphatic constructions with /se/ in its pronominal role.

Example:

Se isit (ke) m ye.

Se isit m te ye.

I'm here.
(lit.) It's here (that) I am.
I was here.
(lit.) It's here (that) I was.

2. In the interrogative constructions with *ki* + noun or noun phrase.

Example:

Ki moun ou ye?	Who are you?
Ki sa sa-a ye?	What is that?
Ki kote pitit la ye?	Where is the child?

3. In dependent clauses whether /*ke*/ 'that' is expressed or not.

Example:

Se bon ti-moun (ke) yo ye.	They are good children. (lit.)
	It's good children (that) they are.

F. Summary: Representation of the verb 'to be'

1. No verb

subject +	(tense marker)	+	adjective
	(<u>pa</u>)		adverb
			place/location

Example:

M malad.	I'm sick.
Li isit.	It, He, or She is here.
Liv yo sou tab la.	The books are on the table.

2. The verb /*se*/

- a. subject + *se* + noun/noun phrase referring to an animate state of being (particularly profession or nationality)

Example:

Makdonal se ameriken.	MacDonald is an American.
Nou se bon elev.	We are good students.
Pitit la se yon ti gason.	The child is a little boy.

b. subject + tense marker/*pa* + noun/noun phrase referring to an animate state of being.

Example:

Makdonal pa ayisyen.
Nou te bon elèv.

MacDonald is not a Haitian.
We were good students.

3. The verb /*se*/ including an embedded impersonal pronoun

Se + determiner and/or modifier + noun

Example

Se yon ti-moun.
Se yon bon ti-moun.

It's a child.
It's a good child.
(In English the subject is
generally specified by he or she)
They are good children.

Se bon ti-moun.

4. The verb /*ye*/

It's always at the end of a dependent clause or a sentence. The dependent clause can appear at the end or at the beginning of the sentence. It occurs:

a. In emphatic constructions - *Se*...+ subject + *ye*.

Example:

Se isit (ke) m *ye*.

I'm here.
(Lit: It's here (that) I am.)

b. In interrogative sentences - *Ki* + noun (phrase) + subject + *ye*?

Example:

Ki moun ou *ye*?
Ki bagay sa-a *ye*?

Who are you?
What is that?

c. In dependent clauses with or without /*ke*/.

Example:

Li di kote (ke) m *ye*.
Nou konnen kouman yo *ye*.

He or She said where I am.
You know how they are.

G. Apa

Apa is a very common word in Creole with various meanings functions. The closest translation is the French "*n'est-ce pas*"; the literal English translations are 'isn't it', 'isn't it that' and 'is there not'. Although it is expressed in interrogative form, the meaning is emphatic and not interrogative.

Apa ti gason an ki fê-m tonbe. It's (lit., isn't it) the boy who made me fall.

Apa gen deja de semèn
depi m vini! It has already been two weeks since I've
come! (lit., Isn't it already
two weeks since I came!)

Apa Sen Mak ou vle ale,
m-ap mennen ou Sen Mak. Since it is (lit., isn't it) to Saint Marc
you want to go, I'm taking you
to Saint Marc.

Apa sa m-ap di ou. That's exactly what I'm telling you.
(lit. Isn't it what I'm telling you.)

Apa ou te blije ale. You were forced to go. (lit., Isn't it that you
were forced to go.)

Apa demen li te di li ta vini. It is (lit., isn't it) tomorrow he said he
would come.


VI. VOCABULARY

achte, v.	to buy, to purchase
afê, zafê, n.	business, affair
alumèt, n.	match
an-n.; annou, part.	let's, let us
an règ, adj.; adv.	in order
apa, v.	isn't it, isn't that, is there not (emphasis)
bwat, bwèt, n.	box
bouch, n.	mouth
dokteù, n.	doctor
etenn, v.	to put out
etudyàn, n.	student
fò, adj.	strong, good
foure, v.	to put, to put in
Frans, pr. n.	France
greenn, n.; adj.; adv.	unit, grain; only
jou, n.	day
jwe, v.	to play
kontroleù, n.	inspector
kultivateù, kiltivate, n.	farmer
lotèl, otèl, n.	hotel
lumen, limen, v.	to light
machi-n, n.	car, machine
mòn, n.	mountain, hill
nò, n.	north
non, n.	name
otel, lotèl, n.	hotel

papa, n.	man, dad (similar to monchè) Oh boy!
pase (alumèt), v.	to strike (match)
peyi, n.	country, land
pisi-n, n.	swimming pool
prese, v.	to be in a hurry, to hurry
profeseù, profesè, n.	professor, teacher
rale, v.	to take out, to pull
reg, n.	rule, order
regle, v.	to settle, to arrange, to fix
semen, semenn, n.	week
sere, v.	to keep, to put aside, to hide, to save
soufle, v.	to blow
sue, v.	to sweat
touye, tue, tuye, v.	to kill, to extinguish, to put out
van, n.	wind
vante, v.	to blow (the wind), to fan
verifikasyon, n.	checking, inspection
zafè, afè, n.	business, affair

Proverb

Sòt pa touye men sòt fè sue.
Stupidity doesn't kill, but stupidity makes one sweat.



LESSON 15

I. REVIEW OF LESSONS 11 AND 12

A. Use the singular forms in the following sentences:

CUE	STUDENT(S)
Mwen bwè kokoye yo.	Mwen bwè kokoye-a.
Nou voye beuf yo nan mache.	Nou voye beuf <u>la</u> nan mache.
Mwen konn moun yo.	
Li reponn kestyon yo.	
Telefon yo pa bon.	
Ti-moun yo pa wè kamyonèt yo.	
Blan yo pa pale kreyòl.	
Machann yo pa gen mai.	
Li resevwa depèch yo.	
Misyonè yo kontre ti-moun yo.	
Yo fèk vizite kay yo.	
Nou fi-n gade machi-n yo.	

B. Pronounce the following numbers as they are flashed on cue cards:

CUE	STUDENT(S)
17	disèt
23	venn twa
98	
41	
73	
36	
89	
77	
54	
62	
74	
51	

C. Use the plural forms in the following sentences:

CUE

Liv la koute chè.
Poul la manje mai-a.
Ti gason an konn pale kreyòl.
Otèl la te fè frè anpil.
Misyone-a se ameriken.
Machann nan pa te vann duri.
Kay la tonbe.
Chofeu-a pa te manje vyann nan.
Bank la fèmen a katre e dmi.
Madanm nan al nan mache.
Etudyan an konn palè kreyòl.
Profeseu-a vizite peyi-a.

STUDENT(S)

Liv yo koute chè.
Poul yo manje mai yo.

D. Make a sentence with each of the following words or expressions:

CUE

grangou
sou volan
bezwen
fè konesans
konbyen
paske
pye kokoye
swaf
goud
ranseyman
tou prè
blye

STUDENT(S)

M pa manje maten an, m grangou.
Chofeu-a rete de jou sou volan oto-a.

E. Answer the following questions, using *paske* and adding the second part of the answer at will:

CUE

STUDENT(S)

Ou pa grangou?
Li pale kreyòl?

Non, m pa grangou paske m manje deja.
Wi, l-pale kreyòl, paske l-ap aprann
kreyòl.

Nou rale beùf la?
Ti-moun yo bwè lèt la?
Kontroleù-a di ou ale?
Yo pral a lotèl?
M te bwè anpil dlo?
Li va rete Plezans?
Ou ta rele seù ou la?
Ou ta telefonnen madanm ou?
M-a ale ak Makdonal O Kap?
Li te pran yon kamyonèt?

F. Use the past progressive form in the following sentences:

CUE

STUDENT(S)

L-al lavil.
M manje nan restoran an.
Nou touye poul la.
Li seye machi-n nan.
Ou rale bwat la.
Yo rele dokteù-a lakay.
L-al monte pye kokoye-a.
Ti gason an jwe ak manman ni.
N-al mande nouvèl Anglad.
M pale ak profeseù-a.
Y-al wè pisi-n nan.
Li fourè alumèt la nan bouch li.

Li t-apral lavil.
M t-ap manje nan restoran an.

G. Render in the negative. Remember: The negative form for the future is *p-ap*.

CUE	STUDENT(S)
M te gen lajan.	M <u>pa-t</u> gen lajan.
Li t-ap manje.	Li <u>pa t-ap</u> manje.
M-a travay.	
Yo t-ap ouvri pòt la.	
Nou te chita nan pisi-n nan.	
Li t-al rele dokteù-a.	
Li t-ap vante anpil jou sa-a.	
Y-a bande je li.	
Asèn te deside pou l-al O Kap.	
Bagay la te pase devan-m.	
Te fè frè jou sa-a.	
L-a chanje paspò-m.	
Nou t-ap depoze bwat la anba kay la.	

H. Compose 5 sentences on the pattern *Si...te...ta....*

I. Write 5 sentences on the pattern *Se...ye.*

J. Write 5 sentences with the verb *se* preceded by a subject.

Hand all the papers to the teacher for correction.

K. Review the questions on Lessons 11 and 12.

II. INDEPENDENT STUDY

Tape No. 15-A

A. Koute epi repete:

Yon blan ameriken te vi-n vizite Aiti. Se te premye fwa li te vini. Li debake Pòtoprens, nan aeropò Mai Gate, yon jou aprèmdi, a senkeù. Li te aprann pale kreyòl nan peyi li, Ozetazini, anvan li te fè vwayaj la, paske li pa-t konnen si te gen moun ki kab pale angle an Aiti. Se sa ki fè ke li sezi leù li jwenn anpil moun ki pale angle; epi tout moun sezi tou leù yo tandè blan an pale kreyòl la byen. Pa gen anpil moun lòt peyi ki pale kreyòl anvan yo vi-n an Aiti.

Gen anpil ayisyen ki pale angle, pangnòl, potugè, italyen, alman. Genyen mènmen kèk ayisyen ki pale chinwa, japonè, ak rus.

Lè blan an rive anba lavil Pòtoprens, li sezi pou-l wè jan gen anpil moun nan laru-a. Moun pa ka mache leù kon sa. Gen moun nan laru, moun sou galri, moun ap mache, moun kanpe, moun chita. Moun tou patou.

B. Reponn kestyon m yo:

1. Se te dezyèm fwa blan an te vi-n Pòtoprens?
2. Nan ki vil li debake?
3. Ki kote nan Pòtoprens li debake?
4. Se te yon maten?
5. A ki leù li debake Mai Gate?
6. Eske li konn pale kreyòl?
7. Ki kote li te aprann pale kreyòl?
8. Ki kote ki peyi li?
9. Ki leù li te aprann pale kreyòl?
10. Pou ki sa li te aprann kreyòl?
11. Leù li jwenn anpil moun ki konn pale angle, ki sa ki rive?
12. Ayisyen ki tandè blan an ap pale kreyòl pa sezi?
13. Gen anpil moun lòt peyi ki aprann pale kreyòl avan yo vi-n an Aiti?
14. Gen ayisyen ki konn pale lot lang?
15. Ki lot-lang yo konn pale?

16. Gen anpil moun ki pale chinwa, japonè ak rus an Aiti?
17. Lè blan an rive anba lavil Pòtoprens ki sa li wè anpil nan laru-a?
18. Eske li sezi?
19. Moun ka mache nan laru-a leù gen anpil moun?
20. Eske moun ka mache byen anba galri yo?

21. Moun ki sou galri yo, se mache seùlman y-ap mache?
22. Gen moun tou patou alò?

C. Review tapes No. 11-B and 12-B.

D. Write down any questions you may have on either lesson.

III. REVIEW OF LESSONS 13 AND 14

- A. Replace the definite article with the demonstrative *sa-a* and put the sentence in the negative form.**

CUE

STUDENT(S)

Manje-a bon.

Manje sa-a pa bon.

Madanm nan pòte legum.

Madanm sa-a pa pòte legum.

Oto-a pou li kounyè-a.

Nèg la pale pagnol.

Machann nan vann mai moulen.

Rout la kwaze Gran Ru.

Pakèt la gen anpil liv.

Kamyonèt la pral Kafou.

Ti gason an sot Bizoton.

Paspò-a se pou Leon.

Nèg la di tout bagay.

Machann nan gen lajan.

- B. Replace the definite article with the plural demonstrative *sa yo* and put the sentence in the negative form.**

CUE

STUDENT(S)

Pisi-n nan gen bèl dlo.

Pisi-n sa yo pa gen bèl dlo.

Dokteu-a touye moun.

Dokteu sa yo pa touye moun.

Bwat la gen alumèt.

Règ la pou tout moun.

Ti-moun nan gen gro bouch.

Kola-a bon.

Etudyan an wè sa ou di-l.

Chofèu-a konn machi-n nan.

Pòt la fèmen a senkeu.

Kamyonèt la fè lign Kwa dè Boukè.

Kultivateu-a konn travay.

Moulen an moulen tout bagay.

C. Use the auxiliary fèk in the following sentences. Do not change the tense.

CUE	STUDENT(S)
Y-av-ale nan mache.	Y-ava <u>fèk</u> ale nan mache.
Misyonè-a rive.	Misyonè-a <u>fèk</u> rive.
Kamyonèt yo pase aeropo-a.	
Mwen achte oto sa-a.	
Manman ni telefone-m.	
Li resevwa malèt la.	
Nèg la te vi-n ak seu li.	
A deuzeù m-a manje.	
Ti gason an al chèche manje-a.	
Chen an kouri al fè rout li.	
Kontroleù-a pase ak frè li.	
Madanm nan fèmen bouch li.	

D. Use the form *an-n* or *annou* (let's) with the following sentences. Make the necessary changes.

CUE	STUDENT(S)
Ti-moun yo pral O Kap	<u>An-n</u> al O Kap.
Msye-a ap pale ak kontroleù	<u>An-n</u> pale ak kontroleù Pann
Pann Amerikann nan.	Amerikann nan.
Seù-m nan pa vle manje manje-a.	
Profeseù-a fè konesans blan an.	
Chofeù-a pa kapab rete kamyonèt la.	
Frè ou la pa rele dokteù-a pou matant.	
Mete manje nan bouch ti chen an.	
Tout moun tounen Pòtoprens.	
Manman-n pa te bay machann nan lajan an.	
Frè nou ak seù nou di msye Dupon bonjou.	
Etudyan an ap pale kreyòl ak Makdonal.	
Nou bezwen achte yon bwat alumèt.	

E. Put the following sentences in the affirmative form.

CUE

STUDENT(S)

M pa jounalis.

M se jounalis.

Se pa jounalis mwen ye.

Se jounalis mwen ye.

Li pa Pòtoprens.

Se pa dokteù yo ye.

Se pa Petyonvil nou ye.

Ou pa kiltivateù.

Se pa O Kap li ye.

Matant mwen pa machann mai moulen.

Li pa moun O Kap.

Makdonal pa ayisyen.

Se pa Gonaiv li ye.

Nèg la pa kontroleù paspò.

F. Insert the possessive:

CUE

STUDENT(S)

malèt la (ou)

malèt ou-a

chofeù-a (nou)

chofeù nou an

bagay la (yo)

pòt kay la (ou)

alumèt la (yo)

lajan an (mwen)

paspò-a (li)

sigarèt la (nou)

soulye yo (yo)

vyann nan (yo)

pom de tè-a (li)

restoran yo (yo)

G. Take out the possessive and leave the noun and the definite marker.

CUE

duven ou nan
madanm ou an
chen yo-a
profeseù nou an
paspò-m nan
etudyan yo-a
pitit mwen an
seù-l la
legliz li-a
valiz nou an
bwat mwen an
soulye-m nan

STUDENT(S)

duven an
madanm nan

H. Make a sentence with each of the following words:

WORD

apa
etenn
foure
mòn
grenn
touye
aeropò
debake
kazèn
kouri
pakèt
tankou

SENTENCE

Apa msye ak madanm Lwi kap vini la-a.
Nèg la etenn sigarèt li-a nan dlo-a.

I. Review the questions in Lessons 13 and 14.

IV. INDEPENDENT STUDY

Tape No. 15-B

A. Koute epi repete:

Otèl an Aiti bon, men yo chè anpil. Sa pa vle di ke yo pi chè pase otèl Ozetazini non, paske yo bay anpil bagay ke ou pa kab jwenn nan otèl Ozetazini, pou mèn m pri-a. Sa ki koute pi chè, se manje-a. Nan pri otèl an Aiti gen manje tou, e leù yo di manje, se manje. Manje-a bon, li anpil, epi li gen duven kèk fwa, epi ankò, se twa fwa, maten, midi e swa. Leù ou mete pri tout manje sa yo sou pri otèl Ozetazini, ou wè ke li pi chè Ozetazini. Se sa Makdonal pral jwenn ki fè ke li kontan anpil. Leù ou bay kòb ou, ou wè pou ki sa ou bay li. Sa fè ou ta vle tounen nan peyi sa-a tou.

B. Kounyè-a reponn kestyon-m yo:

1. Gen otèl an Aiti?
2. Eske yo bon?
3. Yo chè anpil?
4. Otèl Ozetazini pi chè?
5. Pou ki sa?

6. Nan vwayaj, ki sa ki koute pi chè?
7. Kouman manje-a ye an Aiti?
8. Eske pri manje-a nan pri otèl la?
9. Yo bay anpil manje nan otèl yo?
10. Ki sa yo bay kèk fwa ak manje-a? (duven)

11. Lè ou ale nan yon otèl Ozetazini, èske gen manje nan pri otèl la?
12. Konbyen fwa ou yo bay manje nan otèl an Aiti?
13. Leù ou mete pri manje maten, midi, swa, sou pri otèl Ozetazini, èske li pi chè?
14. Eske Makdonal pral jwenn yon bon otèl?
15. Se pou sa li kontan?

16. Leù ou bay kòb nan yon otèl an Aiti, èske ou wè pou ki sa ou bay li?
17. Nou ta vle al an Aiti? (yes)
18. Lè nou va ale an Aiti, nou prale a lotèl? (yes)
19. Eske Aiti se yon bon peyi?
20. E Lè Zetazuni?

C. Review tapes Nos. 13-B and 14-B.

D. Write down any questions you may have on either lesson.

V. COMPREHENSION AND GUIDED CONVERSATION

Tape No. 15-C

LESSON 16
IN THE ARMY

I. PERCEPTION DRILL

A. Koute epi repete:

O: M tèlman prese m pa wè ou. Padon monchè.

J: Sa pa fè anyen. Kote ou prale la-a?

O: M-ap rive labank la.

J: Men li pral dezeù.

O: Se poutèt sa m-ap prese. Nan pwen tan. M pral kouri justan m rive.

J: Se pou ou te fè yon moun al pou ou.

O: Monchè, se voye yo voye-m?

J: Depi ki leù ou sòti la-a?

O: M sòti depi demi eù.

J: Konben tan ou ap fè lavil?

O: M p-ap fè lontan.

J: Ou vle m-al ak ou, ou byen ou vle m rete?

O: An-n kouri ansanm.

B. Koute epi repete:

M tèlman prese m pa wè ou.

Li tèlman manje ke li pa kapab bwè dlo.

M pa kapab ankò, tèlman m kouri.

Insert the word *tèlman* 'so' in the following sentences:

CUE

STUDENT(S)

Yo ri, yo pa ka rete.
 M kouri, m pa ka soufle.
 Nou vire, nou pa ka kanpe.
 Li sue, li pa ka ret deyò.
 Ti-moun yo gate, yo rele anpil.
 Yo bwè dlo kokoye, yo pa ka manje anyen.
 M-achte, m pa ka pòt bagay yo.
 Li pa byen, yo rele dokteù.
 Nou rale, nou tonbe.
 Li sezi, li pa ka pale.
 M resevwa bagay, m pa konn kote pou-m mete yo.
 Yo mande, yo pa ba yo anyen.

Yo tèlman ri, yo pa ka rete.
 M telman kouri, m pa ka soufle.

C. Koute epi repete: (*Se pou sa = se poutèt sa.*)

Labank pral fèmen, se poutèt sa m-ap prese.
Se pa pou sa l-ap kouri?
Se poutèt sa mèn m l-ap kouri.
 Gen kèk jou m pa wè ou. - Se poutèt sa m vi-n wè ou.

Answer the following questions according to the cue:

CUE

STUDENT(S)

Se pa pou sa ke ou prale?
 Se pa pou sa ke li pati?
 ...yo bande je yo?
 ...li touye alumèt la?
 ...nou desann aeropò Mai Gate?
 ...ou monte mon nan?
 ...li antre legliz la?
 ...yo vizite peyi-a?
 ...yo rantre nan pisi-n nan?
 ...ou tuye poul yo?
 ...m-ale O Zetanui?
 ...li lumen kay la?

Se poutèt sa mèn m ke m prale.
Se poutèt sa mèn m ke-l pati .

D. Koute epi repete: (*nan pwen* 'there is/are no...')

Tijo, ban-m yon bwat alumèt. - Nan pwen alumèt nan kay la.
 Pòte zouti-a pou mwen. - Nan pwen zouti la-a.
 Gen ti-moun isit la? - Non, nan pwen ti-moun isit la.
 Ki sa ki genyen lavil la? - Pa gen anyen lavil la. Nan pwen anyen lavil la.

Put the following sentences in the negative by using *nan pwen*.

CUE

STUDENT(S)

Gen ti-moun isit la.	<u>Nan pwen</u> ti-moun isit la.
Gen anpil moun nan otèl sa-a.	<u>Nan pwen</u> anpil moun nan otèl sa-a.
Gen roma nan restoran an jodi-a.	
Gen lang ki pa bèl.	
Gen moun ki pale alman isit la.	
Gen pisi-n nan tout kay yo.	
Gen bwat alumèt tou patou.	
Gen avyon nan tout vil an Aiti.	
Gen vyann beuf nan tout mache.	
Gen etudyan ki pa konn pale kreyòl.	
Gen goud Ozetazini.	

E. Koute epi repete: (*konben tan* 'how long')

M pral travay. -Konben tan ou pral travay la-a?
 M pako konnen.
 Ti-moun yo pral Ozetazini. -Konben tan ti-moun yo pral rete Ozetazini?
 -De semèn.
Konben tan nou pral rete lavil?
 Nou pa konnen konben tan nou pral rete lavil.
 Eske ou konnen konben tan ki rete pou nou fi-n aprann kreyòl?
 Wi, m konnen.

Ask questions beginning with *konben tan* according to the following statements:

CUE

STUDENT(S)

Ti-moun yo pral mache.	<u>Konben tan</u> ti-moun yo pral mache?
M pral pase kèk jou Kafou.	<u>Konben tan</u> ou pral pase Kafou?
Tijo pral moulen mai-a.	

Anglad pral rete sou rout Petyonvil.
Etudyan yo pral aprann franse.
Li pral jwe deyò-a.
Nou pral kouri sou rout la.
Madanm nan pral seye oto Asèn nan.
M pral repete lektu-a.
Li pral vante.
Yo pral vizite ladwann nan.
M pral fè travay la pou Mari.

F. Koute epi repete: (*depi* 'since/from/for/ago/how long')

Ki leù li ye? -Li dezeù e dmi.

Depi ki leù n-ap travay? -N-ap travay depi dezeù.

Depi ki leù nou chita la-a? -Nou chita la-a depi maten.

Answer questions, using *depi...jou*. Insert any number.

CUE	STUDENT(S)
Depi ki leù n-ap mache?	N-ap mache <u>depi de jou</u> .
Depi ki leù ou ap aprann kreyòl?	M-ap aprann kreyòl <u>depi vennsèt jou</u> .
Depi ki leù l-ap fè lign Petyonvil?	
Depi ki leù Makdonal al o Kap?	
Depi ki leù n-ap chèche ti-gason an?	
Depi ki leù ou ap desann bwat yo?	
Depi ki leù y-ap pale kreyòl?	
Depi ki leù magazen sa-a louvri.	
Depi ki leù otèl sa-a fèmen?	
Depi ki leù jounalis ameriken an an Aiti?	
Depi ki leù ou gen paspò sa-a?	

G. Koute epi repete: (*depi ki leù = depi konben tan*)

Depi ki leù n-ap mache? Depi konben tan n-ap mache?

N-ap mache depi de jou.

Depi ki leù n-ap aprann kreyòl? Depi konben tan n-ap aprann kreyòl? N-ap aprann kreyòl depi vennsèt jou.

Replace *depi ki leù* with *depi konben tan* in the following questions:

CUE	STUDENT(S)
Depi ki leù n-ap mache?	<u>Depi konben tan</u> n-ap mache?
Depi ki leù ou ap aprann kreyòl?	<u>Depi konben tan</u> ou ap prann kreyòl?
Depi ki leù l-ap fè lign Petyonvil?	
Depi ki leù Makdonal al O Kap?	
Depi ki leù n-ap chèche ti-gason an?	
Depi ki leù ou ap desann bwat yo?	
Depi ki leù y-ap pale kreyòl?	
Depi ki leù l-achte beuf yo?	
Depi ki leù magazen sa-a louvri?	
Depi ki leù otèl sa-a fèmen?	
Depi ki leù jounalis ameriken an an Aiti?	
Depi ki leù ou gen paspò sa-a?	

H. Koute epi repete: (*Pou konben tan* 'How long')

Konben tan ou ap pase Gonaiv?
 M-ap pase ken/kenz jou Gonaiv.
 E depi konben tan ou Gonaiv?
 M Gonaiv depi de jou.
 Se nan oto ou ou vini?
 Non, se lwe mwen lwe oto-a.
 Pou konben tan ou lwe oto-a?
 M lwe-l pou disèt jou.
 Lwi mande-m machi-n mwen an. M pa ba li-l, m prete-l li.
 Pou konben tan ou prete-l machi-n ou an?
 M prete-l li pou twa jou.

Convert the following statements into questions using *pou konben tan*:

CUE

STUDENT(S)

M fèmen magazen an pou ken/kenz jou.

Pou konben tan ou fèmen magazen an?

Manman-m ap gade pitit seù-m nan pou twa jou.

Pou konben tan manman ou gade pitit seù ou la?

N-ap mache pou ui jou.

Y-ap louvri kay la pou di jou.

Li pòte pakèt la pou mwen pou dezeù.

Yo rete-nan otèl la pou vennde jou.

M-ava fè travay sa-a pou douz jou.

Yo lwe otèl la pou katrevendi jou.

Li lumen machi-n nan pou dezeù.

Nou bay paspò yo pou si jou.

M prete chofeù-l la pou senkeù.

N-ap aprann kreyòl pou sankatreven jou.

I. Koute epi repete: (*pale de/d* 'to speak of/about')

M-ap pale avèk nou.

M-ap pale avèk nou de Makdonal, de Lwi, de katedral Pòtoprens.

M pale nou d-Aiti, d-etudyan ayisyen, d-anbasad amerikèn an Aiti, d-aeropo Mai Gate.

M pale nou tou de pratik yo, de kamyonèt Petyonvil yo.

Complete the sentence *Nou pral pale de/d...* on cue.

CUE	STUDENT(S)
Aiti mai moulen peyi nou vizite-a avyon bouk la vwayaj nou an Aiti journalis ameriken yo chofeù alman an chen Anglad la otèl an Aiti katedral Pòtoprens la peùp ayisyen	Nou pral pale <u>d-Aiti</u> . Nou pral pale <u>de mai moulen</u> .

J. Pattern: *Fè* + dir. obj. + complementary verb ('make someone do something' or 'have something done by someone')

Koute epi repete:

Pitit la pa vle manje. Manman-n fè-l manje.
M pa vle pòte pakèt la, men, papa-m fè-m pòte-l.






Complete the following statements with *fè* + complementary verb on cue.

STATEMENT and CUE	COMPLETED STATEMENTS
M pa vle pòt pakèt la. (papa-m)	Papa-m <u>fè m pòt pakèt la</u> .
Tijo pa vle al lavil. (seù-l)	Seù Tijo-a <u>fè l-al lavil</u> .
Pitit la pa vle touye poul la. (madanm nan)	
Anita pa vle achte legum. (pratik la)	
Etudyan an pa vle reponn. (profeseù-a)	
Ti-moun yo pa vle chita. (manman yo)	
Nèg la pa vle koute sa m-ap di. (msye-a)	
Chal pa vle pase kay Sese. (Anita)	
Ti gason an pa vle voye lèt la lapòs. (Anglad)	
Msyè-a pa vle moulen mai-a. (bòs la)	
Frè-m nan pa vle mennen beuf la nan mache. (papa-m)	

II. DIALOGUE

In the Army

- Scene: On the rifle range at Fort Dimanche, Port-au-Prince
- Characters: Gaspard, a soldier Arsène, a soldier
- Situation: Two soldiers, Gaspard and Arsène, met on the rifle range, at Fort Dimanche, Port-au-Prince. Gaspard has been in the Army one year. He is in the 14th Company, Casernes Dessalines. Arsène has been in the Army one month only. He is in the 18th Company. They are talking about the Army.
- Gaspard: Is this the first day you've come to the rifle range?
Arsène: Yes, man. I enlisted in the 18th Company only one Month ago. It's the first day they've taken me to Fort Dimanche to learn how to shoot.
- Gaspard: What have they already taught you to do?
Arsène: The first week, they made me run until I was exhausted.
- Gaspard: What did you do after that?
Arsène: The second week we drilled with the rifle. They made us walk in cadence, present arms, shoulder arms and fix bayonets.
- Gaspard: What kind of exercises did they make you do the third week?
Arsène: We learned how to disassemble rifles and machi-ne guns.
- Gaspard: And when did you learn how to shoot?
Arsène: Just last week, they taught us how to aim in the Casernes yard. How long have you been in the Army?
- Gaspard: I enlisted in the Army one year ago. I still have two more years to go. I'm in the 14th Company.



In the Army

De sòlda, Gaspa ak Asèn kontre sou chan d-ti, Fò Dimanch, nan Pòtoprens. Gaspa nan lame depi un an. Li nan 14^{em} Konpagni, Kazèn Desali-n. Asèn nan lame depi yon mwa seùlman. Li nan 18^{em} Konpagni. Y-ap pale de lame.

Gaspa: Se premye jou ou vi-n chan d-ti?

Asèn: Wi monchè. Gen seùlman yon mwa depi m-anrole nan dizuityèm konpagni. Se premye jou yo mennen-m Fò Dimanch pou aprann tire.

Gaspa: Ki sa yo montre ou fè deja?

Asèn: Premye semèn nan yo fè-m kouri justan m pa kapab ankò.

Gaspa: E ki sa nou fè aprè sa?

Asèn: Dezyèm semèn nan nou fè egzèsis ak fizi. Yo fè-n mache o pa, prezante lè zam, pòte lè zam, fikse bayonèt.

Gaspa: Ki egzèsis yo fè nou fè twazyèm semèn nan?

Asèn: Nou aprann demonte fizi ak mitrayeùz.

Gaspa: E ki leù nou te aprann tire?

Asèn: Se semèn pase seùlman yo montre-n vize nan lakou Kazèn nan. Depi konben tan ou nan lame?

Gaspa: M-anrole depi unnan. M gen dezan pou-m pase ankò. M nan katòzyèm konpagni.

Dialogue Buildup

chan d-ti
vini
ou vi-n chan d-ti
jou
premye
Se premye jou ou vi-n chan
d-ti?

firing range, rifle range
to come
you come to the rifle range
day
first
Is this the first day you have
come to the rifle range?

Wi monchè.

Yes, man.

konpagni
nan dizuityèm konpagni
anrole
m-anrole nan dizuityèm
konpagni
depi
yon mwa depi
seùlman
Gen seùlman yon mwa depi
m-anrole nan dizuityèm
konpagni.

company
in the 18th Company
to enlist
I enlisted in the 18th
Company
ago
one month ago
only
I enlisted in the 18th
Company only one
month ago.

tire
pou aprann tire
Fò Dimanch
mennen
yo mennen-m
jou
premye jou
Se premye jou yo mennen-m
Fò Dimanch pou aprann
tire.

to fire
in order to learn how to shoot
Fort Dimanche
to take to
they take me to
day
first day
It's the first day they've
taken me to Fort Dimanche
to learn how to shoot.

deja
ou fè
montre
Ki sa yo montre ou fè deja?

already
you do
to show, to teach
What have they already
taught you to do?

ankò
 m pa kapab ankò
 justan
 kouri
 yo fè-m kouri
 semèn
 Premye semèn nan, yo fè-m
 kouri justan m pa kapab ankò.

aprè
 aprè sa
 nou fè
 E ki sa nou fè aprè sa?

fizi
 fè egzèsis
 nou fè egzèsis ak fizi
 semèn nan
 dezyèm
 Dezyèm semèn nan, nou fè
 egzèsis ak fizi.

bayonèt
 fikse bayonèt
 lè zam
 pòte lè zam
 prezante
 prezante lè zam
 mache
 mache o pa
 fè nou
 Yo fè-n mache o pa, prezante
 lè zam, pòte lè zam, fikse
 bayonèt.

twazyèm
 twazyèm semèn nan
 nou fè
 yo fè nou
 yo fè nou fè
 egzèsis
 Ki egzèsis yo fè nou fè
 twazyèm semèn nan?

not anymore, no more
 I cannot any more
 until
 to run
 they make/made me run
 week
 The first week, they made me run
 until I was exhausted.

after
 after that
 you do
 What did you do after that?

rifle
 to drill
 we drilled with the rifle
 the week
 second
 The second week we drilled
 with the rifle.

bayonet
 fix bayonets
 arms
 shoulder arms
 to present
 present arms
 to walk
 to walk in cadence
 to make us
 They made us walk in cadence,
 present arms, shoulder arms
 and fix bayonets.

third
 the third week
 you do
 they make you
 they make you do
 exercise
 What kind of exercises did they
 make you do the third week?

mitrayeùz
fizi
demonte
demonte fizi ak mitrayeùz

machi-ne gun
rifle
to disassemble
to disassemble rifles and
machi-ne guns

nou aprann
nou aprann demonte
Nou aprann demonte fizi ak
mitrayeùz.

we learn
we learn how to disassemble
We learned how to disassemble
rifles and machi-ne guns.

tire
nou aprann tire
nou te aprann tire
ki leù
E ki leù nou te aprann tire?

to shoot
you learn how to shoot
you have learned how to shoot
when, what time
And when did you learn how to
to shoot?

Kazèn nan
lakou
nan lakou Kazèn nan
vize
montre
yo montre-n vize
seùlman
semèn pase
Se semèn pase seùlman yo montre-n
vize nan lakou Kazèn nan.

The Casernes
yard
in the Casernes yard
to aim
to show, to teach
they teach us how to aim
only
last week
Last week only, they taught us how
to aim in the Casernes yard.

lame
ou nan lame
depi
depi konben tan
Depi konben tan ou nan lame?

army
you are in the Army
since
how long, since when
How long have you been in
the Army?

unnan
depi unnan
m-anrole
M-anrole depi unnan.
ankò
pase

one year
one year ago
I'm enlisted
I enlisted in the Army one year ago.
still
to spend

pou-m pase ankò
dezan
m gen dezan
M gen dezan pou-m pase ankò.

konpagni
katòzyèm konpagni
nan katòzyèm konpagni
M nan katazyèm konpagni.

still for me to spend
two years
I have two years
I still have two more years
to go.

company
Fourteenth Company
in the 14th Company
I'm in the 14th Company.

III. GRAMMAR DRILLS

Tape No. 16-B

A. Furnish-the missing final word in the pattern *M se...* on cue:

CUE	STUDENT(S)
sòlda	M se <u>sòlda</u>
lyetnan	M se <u>lyetnan</u> .
majò	
gad	
kolonèl	
sèjan	
lyetnan Moris	
sòlda Leon	
jeneral	
kaporal Soveù	
gad Asèn	

B. Repeat the given phrases, prefixing *yo*:

GIVEN PHRASE	COMPLETE SENTENCE
nan katòzyèm konpagni	Yo <u>nan katòzyèm konpagni</u> .
anrole nan kazèn	Yo <u>anrole nan kazèn</u> .
Fò Dimanch	
sou chan d-ti	
nan dizuityèm konpagni	
nan kazèn Desali-n	
nan konpagni lyetnan Moris	
nan lapolis	
nan lakou kazèn nan	
nan lame	
nan ponpye	
nan katòzyèm	

C. Furnish the missing final word in the pattern *Nan lame-a y-aprann nou...* on cue:

CUE	STUDENT(S)
vize	Nan lame-a y-aprann nou <u>vize</u> .
fè egzèsis	Nan lame-a y-aprann nou <u>fè egzèsis</u> .
pòte lè zam	
tire fizi	
kouri	
mache o pa	
prezante lè zam	
tire ti zam	
fikse bayonèt	
pale kreyòl	
fè lagè	
tire gro zam	

D. Make a complete sentence using *tèlman...ke*:

CUE	STUDENT(S)
M prese, m pa wè ou ap vini.	M <u>tèlman</u> prese <u>ke</u> m pa wè ou ap vini.
Li grangou, li manje anpil.	Li <u>tèlman</u> grangou <u>ke</u> li manje anpil.
Yo kouri, yo tonbe.	
Nou pa jwenn travay, nou anrole nan lame.	
Yo fè egzèsis, yo pa kapab ankò	
Peyi-a piti, li pa bezwen yon gro lame.	
Gro zam koute chè, tout peyi pa kab achte yo.	
Li gade egzèsis, li pa wè leu ap pase.	
Pitit la piti, m pa ka kenbe-l.	
Makdonal pale kreyòl byen, anplwaye-a sezi.	
Li swaf, li bwè anpil dlo.	
Yo gro, yo pa kab kouri pou ale lwen.	

- E. Make a sentence with the given cues and *depi*. Indicate the time elapsed. Determine when and when not to use the progressive form *ap*.**

CUE	STUDENT(S)
li, travay, maten	L- <u>ap</u> travay <u>depi</u> maten.
yo, rive Pòtoprens, twa jou	Yo rive Pòtoprens <u>depi</u> twa jou.
nou, manje, uneù	
yo, gade, maten	
li, rantre, maten	
dizuityèm nan, fè egzèsis, twa jou	
Asèn, anrole, samdi	
ti-moun yo, jwe, dezeù	
Leon, pale angle, lontan	
li, travay, midi-a	
Makdonal, ale O Kap, twa jou	
mwen, kouri, maten	

- F. Formulate questions for which the answers are given. Use *depi ki leù* or *depi konben tan*.**

ANSWERS	QUESTIONS
Mwen sòt lavil <i>depi</i> maten.	<u>Depi ki leù</u> ou sòt lavil?
Li rive <i>depi</i> de jou.	<u>Depi konben tan</u> li rive?
Journalis yo debake <i>depi</i> maten.	
M pa bwè dlo <i>depi</i> a midi-a.	
Nou manje <i>depi</i> seteù.	
Y- <i>ap</i> kouri <i>depi</i> de jou.	
Makdonal debake <i>depi</i> a twazeù.	
Chofeù-a pale angle <i>depi</i> senkan.	
M- <i>ap</i> travay <i>depi</i> setan.	
Nou pa wè yo <i>depi</i> di jou.	
Li konmanse <i>depi</i> a neurveù.	
Y- <i>ap</i> fè egzèsis sou chan d-ti <i>depi</i> maten.	

G. Formulate questions for which the answers are given.

ANSWERS

Nou isit pou katrevendi jou.
 Madanm mwen al Ozetazini
 pou ken/kenz jou.
 Li prete oto-m pou ken/kenz jou.
 Mwen lwe kay la pou twazan.
 N-ap kenbe liv la pou disèt j ou .
 Mwen prete-l machi-n nan pou kat jou.
 Ti gason an Ozetazini pou unnan ankò.
 Yo vi-n Pòtoprens pou seteù seùlman.
 Yo ban-m travay la pou unnan.
 Asèn ak Ti Andre anrole pou twazan.

QUESTIONS

Pou konben tan nou isit?
Pou konben tan madanm ou
 al Ozetazini?

H. Make complete sentences using *fè* and the given cues.

CUE

Leon tire fizi-a. (sèjan-an)
 Jounalis la pale d-Aiti. (Makdonal)
 Ti gason an monte kokoye-a. (papa-l)
 Sòlda yo fè ègzèsis. (kaporal la)
 Nèg pa ka pale. (travay)
 Tijò aprann angle.(manman ni)
 Chofeù-a vi-n chèche-l. (jounalis la)
 Bouch tout moun fè dlo. (bon manje)
 Ti Andre anrole-l pou twazan. (madanm ni)
 Nou vizite katedral la. (chofeù-a)
 Li repete repons yo. (profeseù-a)
 Ti-moun yo bwè lèt la. (papa yo)

STUDENT(S)

Sèjan an fè Leon tire fizi-a.
 Makdonal fè jounalis la pale
 d-Aiti.

- I. Put the following sentences in the negative form, using *pa genyen* or *nan pwen* as the case may be. Use both whenever possible.

CUE

STUDENT(S)

M gen lajan nan pòch mwen.
Gen etudyan ki pa konnen
kote Aiti ye.

M pa gen lajan nan pòch mwen.
Pa gen etudyan ki pa konnen kote Aiti ye.
OR:
Nan pwen etudyan ki pa konnen kote
Aiti ye.

Gen moun nan kay la.
Te gen anpil avyon nan aeropò-a.
Mwen gen yon bwat alumèt.
Lame-a gen kat konpagni.
Sòlda yo gen yon bon sèjan.
Gen kontroleù nan ladwann nan.
Te gen yon jounalis ki debake.
Ti-moun yo gen yon bon profeseù.
Gen ameriken ki pale kreyòl.

- J. Make complete sentences with the following cues, using the pattern *depi demi eù leù*:

CUE

STUDENT(S)

Tijo t-ap manje, matant li rive.

Tijo t-ap manje depi demi eù
leù matant li rive.

Nou t-ap mache lavil,
ameriken yo debake.

Nou t-ap mache lavil depi
demi eù leù ameriken yo debake.

Asèn te sòt lavil, li kontre Ti Andre.

Konpagni an t-ap fè egzèsis, jeneral la rive.

Nou te nan aeropò-a, avyon an rive.

Manman Soveù te tounen, machann legum nan vini.

Kontroleù-a te nan aeropò-a, dokteù-a debake.

Mwen t-ap travay, matant li rantre.

Van an t-ap soufle, yo telefònè mande nouvèl.

Ti-moun yo t-ap jwe, manman yo pòte manje-a.

K. Counting years. Add *an* and an appropriate connecting letter to the numerals:

NUMERALS	CORRESPONDING NUMBER OF YEARS
un	unnan
kat	katran
de	deuzan
sis	
neùf	
twa	
venteun	
dis	
katòz	
uit	
tranteun	
youn	
dizneùf	

**L. Counting men. Add *òm* 'men' to the given numeral.
Notice: *un* or, *youn*———*yon nonm*.**

NUMERALS	CORRESPONDING NUMBER OF MEN
dizuit	dizuitòm
sèt	sètòm
un	yon nonm
dis	
twa	
senk	
neùf	
ken/kenz	
sis	
deu	
onz	
ven	

IV. LEKTU

A. Koute epi repete

Lame

Tout peyi genyen yon lame ki petèt piti ou ki petèt gro. Yon ti peyi pa bezwen yon gro lame. An Aiti lame-a pa bezwen gro, paske se yon ti peyi. Epi se yon peyi ki pa gen pou li fè lagè avèk lòt peyi.

Zam lame sèvi an Aiti pa gro zam. Peyi sa-a trò pòv pou achte gro zam ki koute chè; epi zam sa yo gaspiye anpil minisyon. Nan pwèn lajan pou gaspiye nan bagay kon sa. Tou sa yo bezwen se fizi avèk lòt ti zam pou fè egzèsis.

Kòm lame-a piti an Aiti, li pa gen anpil òm, men li genyen mèn m grad ak lame lòt peyi. Li genyen jeneral, li gen kolonèl, li gen majò, li gen kaptenn, li gen lyetnan, li gen sèjan, li gen kaporal, epi li gen gad. Gad yo se sòlda yo. Se pi piti grad ki gen nan lame-a. Pi gro grad la se jeneral.

Men sa lame-a fè an Aiti, se pa sa li fè nan lòt peyi. Nan lòt peyi, tankou an Frans, lame la pou fè lagè. An Aiti li la pou sa tou, men se li-mèn m tou ki fè lapolis, trafik oto e mèn m ponpye. Koulyè-a nou konnen ki travay lame-a fè an Aiti.

B. Kounyè-a, reponn kekyon m pral mande nou yo, souple:

1. Ki peyi ki pa gen lame? (nan pwèn)
2. Ki lame yon ti peyi bezwen?
3. E yon gro peyi?
4. Eske yon ti lame gen anpil sòlda?
5. Aiti gen yon gro lame?
6. Eske lame d-Aiti gen anpil òm?
7. Pou ki sa Aiti pa bezwen yon gro lame?
8. Aiti gen pou li fè lagè avèk lòt peyi?
9. Eske lòt peyi fè lagè anpil?
10. Ak ki sa lame sèvi pou fè lagè?

11. Se gro zam seùlman ki genyen?
12. Ki zam lame d-Aiti genyen?
13. Pou ki sa l-pa gen gro zam?
14. Gro zam pa koute chè?
15. Eske gro zam yo sèvi anpil minisyon?

16. Gen lajan pou gaspiye an Aiti pou bagay kon sa?
17. Ki sa lame d-Aiti pi bezwen?
18. Sa pou lame fè ak fizi, ak ti zam?
19. Ozetazini gen yon gro lame?
20. Lame Ozetazini gen mèn m grad avèk lame d-Aiti?

21. Lame an Aiti gen anpil òm?
22. Eske lame an Aiti gen mèn m grad avèk lame nan lòt peyi?
23. Ki grad ki genyen nan lame d-Aiti?
24. Kolonèl se yon pi gro grad pase jeneral?
25. Ki grad ki pi gro: majò ou byen lyetnan?

26. Men kapitèn pi piti pase kolonèl?
27. E sèjan?
28. Eske kaporal pi gro grad pase sèjan?
29. Gad pi piti pase sòlda?
30. Pou ki sa?

31. Ki pi piti grad ki genyen nan lame-a?
32. E ki grad ki pi gro?
33. Lame an Aiti fè mèn m travay ak lame nan lòt peyi?
34. Ki sa lame lòt peyi fè?
35. Yo fè lage an Aiti?

36. Si gen lagè, èske lame-a va fè lagè-a?
37. Ki lòt travay lame-a fè?
38. Ki moun ki fè lapolis?
39. Si ou nan ponpye, ou nan lame-a?
40. Nou konn travay lame an Aiti koulyè-a?

C. Independent Study

Go to the library and continue to read the books you have chosen. The reports will start on the first day of the 7th week. Be ready for them.

V. GRAMMAR NOTES

A. Negative Forms of *genyen* and *gen*

The negative of *genyen* or *gen* is *pa genyen* or *pa gen*.

An exception to this occurs in the impersonal third person singular or plural form, present tense, when no subject is expressed. The alternative form *nan pwen* may then be used. For example:

AFFIRMATIVE

Mwen gen yon bèl oto.
Gen moun nan kay la.

Te gen anpil moun.
Li (someone) gen anpil lajan.

NEGATIVE

Mwen pa gen (*genyen*) yon bèl oto.
Nan pwen moun nan kay la.

OR:

Pa gen moun nan kay la.
Pa te gen anpil moun.
Li pa gen anpil lajan.

B. *Se pou sa* and *se pou tèt sa*

Se pou sa and *se pou tèt sa* are interchangeable. They mean 'It's for that' or 'It's the reason why.' Example:

Manman m pa la se pou sa m pa ka sòti.
Manman m pa la se pou tèt sa m pa ka sòti.

My mother is not there; that is why I cannot go out.

C. Depi

1. In the expression *depi maten* 'since this morning', *depi* is followed by an additional syllabic /m/ sound before *maten*. Thus *depi maten* is read as *depi-m maten*.
2. When *depi* is followed by an expression of specific time, it means 'since' in a negative statement and 'the last time' in an affirmative statement. Example:

M manje depi (a) seteù.

The last time I ate was seven o'clock

OR:

I haven't eaten since seven o'clock.

3. When *depi* is followed by an expression of duration of time, it means 'for' and the verb is in the progressive form. Example:

L-ap manje depi dezeù.

He has been eating for two hours.

Li t-ap manje depi deuzeù
leù m rive.

He had been eating for two hours
when I arrived.

4. But note that certain verbs followed by *depi* are not in the progressive form because they express instantaneous actions, like *chita* 'to sit', *pati* 'to leave', *leve*-to get up', *monte* 'to go up', *mouri* 'to die'. Example

Li mouri depi twa jou.

He has been dead for three days.

Li mouri depi sizeù maten an.

He has been dead since six o'clock
this morning.

D. Depi ki leù, depi konben tan

1. The interrogative expressions *depi ki leù* and *depikonben tan* are expressed in English by 'how long'.

Example:

Depi ki leù ou ap manje?

How long have you been eating?

Depi konben tan ou ap manje?

2. But note that when a specific time is involved, only *depi ki leù* can be used.

Example:

Depi ki leù ou ap manje?

When was the last time you ate?

3. Note also these passages:

Depi ki leù ou pa manje?

How long since you've eaten?

Depi konben tan ou pa manje?

E. Pou konben tan

When there is an agreement or a contract, even if only implied, the interrogative for duration of time is *pou konben tan*. Example:

Pou konben tan ou lwe kay la.

For how long did you rent the house?

M lwe-l pou ken/kenz jou.

I rented it for two weeks.*

F. Pale de, pale d-

To speak about something or someone is expressed in Creole by *pale de* or *pale d-*.

Example:

M pale de Ti Andre.

I spoke about Ti Andre.

M pale de peyi blan yo.

I spoke about foreign countries.

M pale de sa m-ap fè.

I'm speaking about what I am doing.

M-a pale d-Aiti.

I'll speak about Haiti.

G. Fè

Fè is followed by a pronoun or noun plus another verb to express that the subject has something done by someone or is making someone do something. Example:

Ti-moun-yo pa vle manje;
manman yo fè yo manje.

The children don't want to eat; their
mother makes them eat.

M pa konn fè soulye; m fè
yon moun fè yon pè pou mwen.

I don't know how to make shoes; I had a
pair made for me by someone.

*Note to the translation:

ken/kenz jou
ui jou

two weeks
one week

In Creole a length of time in days includes the following day, so "two weeks" would be expressed as "*ken/kenz jou*," i.e. fifteen days, and one week as "*ui jou*," "eight days."

VI. VOCABULARY

ak, avè, avèk, prep.	with
an, zan, n.	year
anrole, v.; n.	to enlist; enlisted man
apa, adv.	apart, aside, separately
aprann, v.	to teach (someone)
avè, avèk, ak, prep.	with
bayonèt, n.	bayonet
chak, ind. pr.; adj.	each
chan, n.	field, plantation
chan d-ti, n. phr.	rifle range, firing range
demonte, v.	to disassemble; to take apart
depi, adv.; prep.	since, ago, from, for
dizuityèm, adj.	eighteenth
egzèsis, n.	exercise, drill (mil.)
fiks, adj.	fixed, firm
fikse, v.	to fix
fizi, fuzi, n.	rifle
frape, v.	to hit, to strike, to knock
gad, n.	guard
gaspiye, v.	to waste
grad, n.	grade, rank
jeneral, n.	general
justan, conj.; prep.	until
kaporal, n.	corporal
kaptenn, kapitèn, n.	captain
katòzyèm, adj.	fourteenth
kolonèl, n.	colonel
konben tan, int.	how long
lagè, n.	war
lakou, n.	yard, court
lame, n.	army

lapolis, n.	police
lyetnan, n.	lieutenant
majò, n.	major
minisyon, munisyon, n.	ammunition
mitrayeùz, mitrayèz, n.	machi-ne gun
nan, def.art	the
nan pwen..., exp.	there is/are no...
òm, nonm, n.	man
o pa, exp.	in cadence
ou byen, conj.	or else, otherwise
pa, n.	step
padon, n.	pardon
petèt, adv.	perhaps, maybe
ponpye, n.	fireman
pòte lè zam, v.	to shoulder arms
poutèt, prep.; conj.	because of; since
pòv, n.; adj.	poor
prete, v.	to lend, to borrow
rankontre, v.	to meet
sèjan, n.	sergeant
sòlda, n.	soldier
tèlman, adv.; adj.	so, so much, so many
tir, ti, n.	firing
tire, v.	to fire, to shoot
trafik, n.	traffic
vize, v.	to aim
zam, lèzam, pl. n.	weapon(s)
zan, an, n.	year

LESSON 17

FINDING A HOTEL

I. PERCEPTION DRILL

- A. Review the different words in Creole for the article the. Remember that they vary according to the preceding sounds.

CUE	STUDENT(S)
bayonèt	bayonèt la
kaptenn	kaptenn nan
munisyon ou	
lakou	
lame mwen	
katozyèm	
ponpye	
bòn nou	
gro malèt	
nonm	
pòv	
magazen ou	

B. Koute epi repete:

Sa-a se yon liv.
Liv la sou tab la.
Se liv mwen an.
Se liv ou wè-a.
Se liv n-ap gade-a.
Se liv ou ban-m nan.
Se liv ou te voye-l chèche pou mwen an.
Kote ti-moun yo?
Kote ti-moun mwen te di ou rele pou mwen yo?
Rele pitit la.
Rele pitit ki pa te vle manje vyann nan.

C. Combine the two given sentences into one:

GIVEN SENTENCES

Men liv la.
Ou te voye chèche liv la.

Se pitit la.
M te voye chèche pitit la pou mwen.

Li rankontre ti gason an.
Nou konnen ti gason an.

Pòte vyann nan.
Ou moulen vyann nan.

Konte lajan an.
Yo voye lajan an ba ou.

Moulen mai-a.
Nou fèk pòte mai-a.

Li bwè lèt la.
Li jwenn lèt la.

Yo ban nou zam yo.
Se zam kazèn.

M kontre etudyan an.
Ou aprann etudyan an kreyòl.

N-al nan magazen an.
Yo fèk louvri magazen an.

Ou ap achte poul la.
Pratik la ap vann poul la.

M wè gad la.
Ou telefennen gad la.

COMBINED SENTENCES

Men liv ou te voye chèche-a.

Se pitit m te voye
chèche pou mwen an.

D. Koute epi repete:

Otèl Splendid se yon bon otèl. Li gen kèk chanm vid.
 Sa vle di ke pa gen moun nan tout chanm yo.
 Otèl sa-a pran ti-moun, li pran gran moun.
 Makdonal gen randevou ak yon chofeù pou kondui li la.
 Chanm yo frè nan otèl la.
 Nan lakou otèl la fè frè. Nan laru-a fè frè tou.
 Li pa toujou fè frè an Aiti. Li konn fè cho tou.
 Mènm dlo-a konn cho.

E. Use the expression *fè frè* or *frè* in the following sentences:

CUE

STUDENT(S)

Dlo pitit la pòt pou mwen an.

Dlo pitit la pòt pou mwen an frè.

Nan lakou kazèn nan.

Nan lakou kazèn nan fè frè.

Lakou Kazèn Desali-n nan.

Vyann beuf y-achte nan mache-a.

Sou chan d-ti-a.

Fizi gad yo.

Fò Dimanch.

Nan Lafleù Duchèn.

Nan lakou otèl la.

Duvan ou ban mwen an.

Pwa rouj sa-a.

Kote Makdonal bay ti kòmè-a randevou-a.

F. Koute epi repete: (*moun + ki/k* 'which,' 'that,' 'who,' 'whom')

Makdonal rive nan restoran Pedro-a.

Li bay blag avèk li.Li manje yon roma. Roma-a bon anpil.Li manje yon roma ki bon anpil.Se yon restoran ki fè bon kalite manje.

Y-ap aprann yon lang. Lang nan rele kreyòl.

Y-ap aprann yon lang ki rele kreyòl.

M wè ti gason an. Ti gason an ap pòte manje pou papa-l.

M wè ti gason k-ap pòte manje pou papa-l la.

G. Combine the two given sentences into one:

CUE

STUDENT(S)

Yo bwè yon dlo kokoye.
Dlo kokoye-a frè.

Yo bwè yon dlo kokoye ki frè.

Li resevwa yon bagay.
Bagay la pa pou li.

Li resevwa yon bagay ki pa pou li.

Nou rankontre ti gason an.
Ti gason an t-ap vini.

Pòte vyann nan.
Vyann nan sou tab la.

Yo rele machann nan.
Machann nan ap vann legum.

M pale ak blan an.
Blan an nan biro-a.

Nou reponn profeseù-a.
Profeseù-a ap aprann nou kreyòl.

Li bwè yon dlo.
Dlo-a frè.

Louvri pòt la.
Pòt la fèmen.

Rele dokteù-a.
Dokteù-a fèk vini.

Mande-m kestyon an.
Kestyon an fasil.

Yo manje pwason an.
Pwason an pa gate.

N-ale nan yon restoran.
Restoran an fè bon kalite manje.

H. Formation of the comparative.**Koute epi repete:**

Roma kay Pedro-a bon.

Roma ou la pi bon.

Roma ou la pi bon pase roma kay Pedro-a.

Liv sa-a pi fasil pase lòt liv la.

Pwason-m nan pi frè pase pwason ou nan.

I. Make sentences using the comparative, *pi...pase*:

SENTENCES

Katedral la prè. (labank la)

Dlo kokoye bon. (duven)

Kenskòf lwen. (Petyonvil)

Ti Mari gate. (Tijo)

Legliz katolik la frè. (ladwann nan)

Magazen yo fèmen ta. (lapòs la)

M kondui byen. (chofeù-a)

Asèn grandi vit. (Andre)

Poul mwen an piti. (poul ou-a)

Gen moun ki pale kreyòl byen (yon lòt)

Asèn konn tire fizi byen. (Andre)

Anita ap tounen ta. (Chal)

SENTENCES WITH COMPARATIVE

Katedral la pi prè pase labank la.

Dlo kokoye pi bon pase duven.

J. Koute epi repete:

A ki leù ou ap vini?

-M-ap vini vè twazeù.

Ou vle di ou ap vini a twazeù?

-Non, m pa konnen si m-a la a twazeù.

M ka vi-n anvan ou aprè. Se pou sa mwen di ou m-ap vini vè twazeù.

K. Answer the following questions, using the word *vè*.

Each student will give a different time:

QUESTIONS

- A ki leù Anita pral lavil?
- A ki leù n-ap manje?
- A ki leù gad yo pral fè egzèsis?
- A ki leù kaptenn nan pral fò Dimanch?
- A ki leù lyetnan an ap rive lapolis?
- A ki leù sòlda yo va nan lakou-a?
- A ki leù minisyon yo ap fini?
- A ki leù ponpye yo te fi-n travay?
- A ki leù Soveù va sòti chan d-ti?
- A ki leù nonm sa-a aprale?
- A ki leù n-a rankontre jeneral la?
- A ki leù y-ap pòte zam yo vini?

ANSWERS

- Li pral lavil vè senkeù.
- N-ap manje vè seteù.

L. Koute epi repete:

- Di mèt otèl la m la.
- Di mèt otèl la ke m la.
- Di-l n-ap tann ni isit la.
- Di-l ke n-ap tann ni isit la.

M. Make sentences using *Di...ke* according to the following cues:

CUES

- M pral lavil kounyè-a.
(manman-m)
- Sòlda y-al aprann tire chan d-ti.
(majò-a)
- Manje-a bon. (mèt restoran an)
- Fò-l pa rete la-a. (nonm nan)
- Se pou li aprann mache o pa. (Soveù)
- Nou pa vle fè lagè. (jeneral yo)
- Se pou tèt sa m pa prale. (msye-a)
- Nan pwen egzèsis jodi-a. (sèjan an)
- Leon nan lapolis. (Asèn)
- M bezwen prete yon lajan. (kaporal la)
- Pwa rouj la pa frè. (machann nan)
- Machi-n nan pa mache byen. (nèg la)
- Pa gen otobus an Aiti (jounalis la)

SENTENCES

- Di manman-m ke m pral lavil kounyè-a.
- Di majò-a ke sòlda y-al aprann tire chan d-ti.

N. Koute epi repete:

Asèn ak Leon pa fè anpil egzèsis.
 Yo prèske pa fè egzèsis.
 Mwen-mènm m pa toujou travay.
 M kapab di ke m prèske pa travay.
Bòn nan prèske pa travay jodi-a.

M vle pase lakay ou pi ta.
 M vle pase wè madanm ou.
 M vle pase di-l yon ti bonjou tou.
 Leu ou pral lakay ou pi ta, pase rele-m.
 M-ap seul lakay.

Si m pase lakay ou pi ta, m p-ap rete.
 M-a pase uneu seulman ak madanm ou.
 Si m-al an Frans m-a pase ken jou.
 M p-ap pase anpil jou deyò.
 Etudyan yo pase sizeu isit la chak jou.

O. Add a place designation and *pase* to the following cues and form sentences:

CUE

SENTENCES

Li, de jou.

Li pral pase de jou lakay li.

Mwen, vennde jou.

M pral pase vennde jou an Aiti.

Nou, twazeu.

Ti gason an, yon jou.

Ou, kat jou.

Pitit li yo, ken jou.

Manman ni, ui jou.

Kouzen-n nan, douz jou.

Yo, katreu.

Jounalis la, dizui jou.

Mwen, kèk jou.

Nou, pluzyeu semèn.

II. DIALOGUE

Finding a Hotel

Scene: In a taxi

Characters: A driver
MacDonald

Situation: MacDonald needs a good hotel. He finds a taxi in front of the airport terminal. The driver agrees to show him some hotels.

Driver: Where do you want to go?

MacDonald: I need a good hotel that's not too expensive, but it has to be cool and must have lots of comfort.

Driver: I'm going to show you a few hotels. You'll take the one you like. Let's go.

MacDonald: OK.

They go, and the driver stops in front of each hotel to tell MacDonald how they are.

Driver: Here is Hôtel Bellevue. It's not expensive, but it's not too cool.

MacDonald: I don't want that one.

Driver: This one is Sans-Souci. It's good, too, and it's not expensive.







MacDonald: And that hotel on top of the hill?

Driver: It's Castel Haiti. It's better than the other one's, but also more expensive.

MacDonald: Show me another one.

Driver: Here is Hotel Splendid. It's cool and not expensive.

MacDonald: Good, I'll take it.



Finding a Hotel

Makdonal bezwen yon bon otèl. Li jwenn yon lalign devan aeropò-a. Chofeù-a aksepte gide-l pou montre-l kèk otèl.

Chofeù: Ki kote ou vle ale?

Makdonal: M bezwen yon bon otèl ki pa trò chè, men fò li frè e fò-l gen anpil konfò.

Chofeù: M pral montre ou kèk otèl. Ou-a pran sa ou vle-a. An-n ale.

Makdonal: Oke.

Y-ale, epi chofeù-a rete devan chak otèl pou di Makdonal kouman yo ye. Li konn prèske tout manadjè yo.

Chofeù: Men Otèl Bèlvu. Li pa chè, men li pa trò frè.

Makdonal: M pa vle sa-a.

Chofeù: Sa-a se San Sousi. Li bon tou e li pa chè.

Makdonal: E otèl sa-a ki laba, anro mòn nan?

Chofeù: Se Kastèl Aiti. Li pi bon pase lòt yo, men li pi chè tou.

Makdonal: Montre-m yon lòt.

Chofeù: Men Otèl Splendid. Li frè e li pa chè.

Makdonal: Bon, m-ap pran ni.

Dialogue Buildup

yon bon otèl bezwen Makdonal bezwen yon bon otèl.	a good hotel to need MacDonald needs a good hotel.
aeropò-a devan aeropò-a yon lalign jwenn Li jwenn yon lalign devan aeropò-a.	the airport in front of the airport a taxi to find He finds a taxi in front of the airport.
kèk otèl montre montre-l kèk otèl aksepte Chofeu-a aksepte montre-l kèk otèl.	some hotels to show to show him some hotels to accept The driver agrees to show him some hotels.
ou ale ou vle ale Ki kote ou vle ale?	you go you want to go Where do you want to go?
anpil konfò fò-l gen anpil konfò li frè men fò li frè men fò li frè e fò-l gen anpil konfò trò chè pa tò chè ki pa tò chè yon bon otèl m bezwen yon bon otèl M bezwen yon bon otèl ki pa trò chè, men fò li frè e fò-l gen anpil konfò.	lots of comfort it must have lots of comfort it's cool but it has to be cool but it has to be cool and must have lots of comfort too expensive not too expensive that's not too expensive a good hotel I need a good hotel I need a good hotel that's not too expensive, but it has to be cool and must have lots of comfort.
kèk otèl montre ou kèk otel M pral montre ou kèk otel.	a few hotels to show you a few hotels I'm going to show you a few hotels.

ou vle
sa-a
sa ou vle-a
ou pran
ou a pran
Ou a pran sa ou vle-a.

you want, you like
that, the one
the one you like
you take
you'll take, you'll choose
You'll take the one you like.

ale
An-n ale.
Oke.

to go
Let's go.
Okay.

yo ye
kouman yo ye
pou di Makdonal
chak otèl
devan chak otèl
chofeù-a rete
y-ale
Y-ale, epi chofeù-a rete devan
chak otèl pou di Makdonal
kouman yo ye.

they are
how they are
to tell MacDonald
each hotel
in front of each hotel
the driver stops
they go, they leave
They go, and the driver stops in
front of each hotel to tell
MacDonald how they are.

manadjè yo
prèske tout manadjè yo
Li konn prèske tout manadjè yo.

the managers
almost all the managers
He knows almost all the managers.

Men Otèl Belvu.

Here is Hotel Bellevue.

frè
trò frè
men li pa tò frè
li pa chè
Li pa chè, men li
pa tò frè.

cool
too cool
but it's not too cool
it's not expensive
It's not expensive, but it's
not too cool.

m vle
m pa vle
M pa vle sa-a.

I want
I don't want
I don't want that one.

se San Souci
Sa-a se San Souci.

it's Sans-Souci
This one is Sans-Souci.

li pa chè
li bon tou
Li bon tou e li pa chè.

it's not expensive
it's good too
It's good, too, and it's not expensive.

mòn nan
laba
laba anro mòn nan
otèl sa-a
E otèl sa-a ki labanro
mòn nan?

the mountain, the hill
over there
over there on top of the hill
that hotel
And that hotel over there on top of
the hill?

Se Kastèl Aiti.

It's Castel Haiti.

pi chè
li pi chè tou
bon
pi bon
pi bon pase lòt yo
Li pi bon pase lòt yo, men
li pi chè tou.

more expensive
it's also more expensive
good
better
better than the other ones
It's better than the other ones, but
also more expensive.

montre
montre-m
Montre-m yon lòt.
Men Otèl Splendid.

to show
show me
Show me another one.
Here is Hôtel Splendid.

li pa chè
li frè
Li frè e li pa chè.

it's not expensive
it's cool
It's cool and not expensive.

m pran
m-ap pran ni
Bon, m-ap pran ni.

I take
I'll take it
Good, I'll take it.

Homework

Prepare ten questions for use in class tomorrow.

III. GRAMMAR DRILLS

Tape No. 17-B

A. Lexical Variation Exercises

1. Basic sentence:

M bezwen yon otèl ki pa trò chè.
ki bon
ki fè frè
ki genyen anpil konfo
ki tou prè lavil
ki nan mòn
ki genyen pisi-n
ki genyen restoran
ki genyen gran lakou

M bezwenyou otèl ki pa trò chè.
M bezwen yon otèl ki bon.

2. Basic sentence:

Li pa trò frè.
cho
chè
bon
gran
gro
piti
ro
frè

Li pa trò frè.
Li pa trò cho.

3. Basic sentence:

Otèl sa-a pa trò mal.
pi bon pase tout
pa trò chè
anro mòn nan
tou prè lavil
nan Petyonvil
fè frè anpil
genyen yon chanm vid
pa trò mal

Otèl sa-a pa trò mal.
Otèl sa-a pi bon pase tout.

4. Basic sentence:

M prale si ou pa bezwen
mwen kounyè-a.
M-ap sòti

M-ap monte
M-ap desann
M pral lakay

M prale si ou pa bezwen
mwen kounyè-a.
M-ap sòti si ou pa bezwen
mwen kounyè-a.

5. Basic sentence:

Li pi bon pase lòt yo.
gran
ro
swaf
frè
pov
chè
grangou
gro

Li pi bon pase lòt yo.
Li pi gran pase lòt yo.

B. Grammar Exercises**1. Substitution-Correlation**

M pran ni.
wè
fèmen
make
lumen
pase
etenn
lwe
vann
rele
pran

M pran ni
M wè li.

2. Substitution-Correlation

Ou pa wè frè li?
tonton
sè
matant
kouzen
malèt
machi-n
zouti
kat d-idantite
lajan

Ou pa wè frè li?
Ou pa wè tonton ni?

3. Replace the noun phrase object by the appropriate form of the third person singular pronoun.

M pran kat d-idantite-a.
Fò ou ban-m valiz la.
Fò ou sèvi roma-a.
Y-ap pase alumèt sa-a.
N-ap lwe machi-n nan.
N-ap jwenn kamyonèt la.
Ou te desann valiz mwen?
Ou te monte malèt la.

M pran ni.
Fò ou ban-m ni.

4. Combine the pairs of sentences given.

M konnen yon otèl.
Otèl sa-a bon.

M konnen yon otèl ki bon.

M jwenn yon restoran.
Restoran an tou prè legliz katolik la.

M jwenn yon restoran ki
tou prè legliz katolik la.

Nou genyen yon chanm.
Li gran.

Yo genyen yon tonton.
Li rete Ozetazini.

Li foure alumèt la nan pòch li.
Alumèt la te bon.

Yo jwenn yon kamyonèt nan ru du Peùp.
Kamyonèt la pral Petyonvil.

Ou fèmen valiz la?
Li isit.

Ou a chèche yon otèl.
Li Petyonvil.

5. Substitution

Nou chèche yon chofeù ki
kab konprann nou.
Li konnen kèk bon otèl.

L-ap sòti kounyè-a.
L-a mennen nou O Kap.
Li pral lavil.
L-ap rete isit.
Li kab pale kreyòl.
Li kab pale angle.

Nou chèche yon chofeù ki
kab konprann nou.
Nou chèche yon chofeù ki
konnen kèk bon otèl.

6. Change to the imperative:

Ou chita isit.
Ou monte ru dè Mirak.
Nou vire a gòch.
Ou kontinue tou dwat.
Ou vire a dwat leù ou
jwenn Boulva Troumann.
Ou gade leù laba-a?
Nou bande je nou.
Nou regle afè paspò nou.
Ou ban-m twa dola.
Ou pran valiz mwen ak
malèt mwen.
Nou pale kreyòl ak yo.
Ou pa mande li ransèyman.

Chita isit.
Monte ru dè Mirak.

Nou pa ale nan mòn.
Ou manje pwason an.
Ou bwè dlo frè.
Nou pa reponn ni an franse.

C. Response Drill

1. Tell me that you're waiting for a driver who knows how to speak French well.
M-ap tann yon chofeù ki konn pale franse byen.
2. Tell me that he's an American who speaks Creole well.
Se yon ameriken ki pale kreyòl byen.
3. Tell me that you're calling a person who's coming here.
M-ap rele yon moun k-ap vi-n isit.
4. Tell me that they serve a lobster that's very good.
Yo sèvi yon roma ki bon anpil.
5. Ask me whether they were fellows who didn't have any money.
Se te nèg ki pa te gen kòb?
6. Ask me whether he put a lit match in his pocket.
Li foure yon alumèt ki lumen nan pòch li?
7. Ask me whether they are fellows who lived in the mountains.
Yo se nèg ki te rete nan mòn?
8. Ask me whether I know a good hotel which isn't too expensive.
Ou konnen yon bon otèl ki pa trò chè?
9. Ask me whether I'm taking the suitcase which is open.
Ou ap pran valiz ki ouvri-a?
10. Ask me whether I'll pay the man who's working.
Ou a peye nèg k-ap travay la?
11. Tell me to sit in the car.
Chita nan machi-n nan.
12. Tell me to go up to my room.
Monte nan chanm ou.
13. Tell me not to listen to what they're saying.
Pa koute sa y-ap di.
14. Tell me to turn left after two streets.
Vire a gòch aprè de ru.
15. Tell us not to play.
Pa jwe.
16. Tell us to close the box of matches.
Fèmen bwat alumèt la.
17. Tell me not to light the cigarette.
Pa lumen sigarèt la.
18. Tell us to give you news of our uncle.
Ban-m nouvèl tonton nou.
19. Ask me whether I closed my suitcase.
Ou fèmen malèt ou-a?
20. Tell me to open my suitcase.
Ouvri malèt ou-a.

21. Ask me whether I did not take the camionette to go to the hotel.
22. Tell me not to ask if the camionette goes to Petionville.
23. Ask us whether we looked at the letter.
24. Tell us not to send a package package to him.

Ou pa pran kamyonèt pou
ale nan otèl la?
Pa mande si kamyonèt la
ale Petyonvil.
Nou gade lèt la?
Pa voye yon pakèt pou
li.

D. Translation Test

1. I would like that hotel at the top of the hill.
2. This restaurant is better than all the others.
3. I would like to take it.
4. Pass by to see me at the hotel tomorrow.
5. The professor will give me the information.
6. I'll see you at about two o'clock or so.
7. Ask the restaurant owner for a good lobster and rice.
8. The driver speaks good English.
9. At home we have nothing to learn Creole with.
10. I need a room for the American.
11. Those beautiful rooms are for the children.
12. I would like to spend a few days in the mountains.

M ta vle otèl sa-a anro
mòn nan.
Restoran sa-a pi bon
pase tout.
M ta renmen pran ni.
Pase wè-m nan otèl
la demen.
Profeseù-a a ban-m
ransèyman an.
M-a wè ou yè dezeu
kon sa.
Mande mè restoran an yon
bon roma ak duri.
Chofè a pale
bon angle.
Lakay nou pa gen anyen
pou aprann kreyòl.
M bezwen yon chanm
pou ameriken an.
Bèl chanm sa yo se pou
ti-moun yo.
M ta renmen pase kèk
jou nan mòn.

IV. LEKTU

A. Narration

Aiti se yon bon peyi

Kounyè-a, nou tout konnen ke kreyòl se lang yo pale an Aiti. Se lang ke anpil ayisyen pito pale tou. Men petèt ke se pa nou tout ki konnen Aiti deja.

Aiti se yon bèl peyi. M kwè sa tou. Gen yon bèl chante ki di ke nan pwen pi bon peyi pase li. Touris vizite li anpil, paske otèl pa trò chè, pa fè frèdu ni pa fè trò cho; anyen pa chè, gen bon solèy, genyen bèl jaden, epi moun yo trè bon tou.

Se otèl Kastèl Aiti ki gen anpil etaj, men yo tout gen anpil konfò avèk sal de ben ak douch nan chak chanm. Yo tout gen bèl jaden nan lakou devan, ak nan lakou dèyè. Kèk otèl genyen gro pisi-n avèk tenis. Restoran yo sèvi bon manje ak bon duven, e yo pa mande anpil kòb. Men, si se plezi ou vle, ou ap jwenn anpil.

Magazen yo gen anpil bèl bagay ki pa chè tankou Ozetazini. Mèn m bagay ki sòti Ozetazini pa vann pi chè an Aiti, ni bagay ki sòti an Frans ak nan lòt peyi.

Chak jou touris antre, chak jou touris sòti. Yo toujou kontan, e chak fwa y-aprale, yo di ke se pou yo tounen ankò, e anpil tounen vre. Ayisyen ta renmen wè anpil lòt touris vini, paske peyi-a pòv anpil, e se seul ti kòb ki antre prèske chak jou nan peyi-a.

B. Kestyon

1. Aiti pa yon bèl peyi?
2. Eske gen yon chante ki pale d-Aiti?
3. Ki sa chante-a di?
4. Eske ou kwè ke nan pwen pi bon peyi pase Aiti?
5. Se pa yon peyi touris vizite anpil?

6. Tout bagay vann chè an Aiti?
7. Eske gen otèl an Aiti?
8. Otèl yo pa chè?
9. Eske li fè frèdu an Aiti?
10. Men li fè cho anpil?

11. Kouman solèy la ye?
12. Jaden yo pa bèl?
13. E moun yo, kouman yo ye?
14. Ki otèl ki gen anpil etaj?
15. Eske se sa ki anro mòn nan?

16. Eske se li seul ki gen konfò?
17. Tout chanm yo pa gen sal de ben?
18. Pa gen otèl ki gen jaden?
19. Kouman jaden otèl yo ye?
20. Ki bò yo gen jaden?

21. Eske ou ta pito chanm on an devan ou dèyè?
22. Ki sa ankò kèk otèl genyen? (pisi-n)
23. Eske ou kwè otèl sa yo pi chè?
24. Eske otèl Bèlvu pi chè pase Kastèl d-Aiti?
25. Restoran yo pa sèvi bon manje?

26. Men yo pa gen bon duven?
27. Ou pa konnen si restoran yo mande anpil kòb?
28. Ki sa ou kab jwenn ankò anpil an Aiti?
29. Eske nou tout konnen ki lang yo pale an Aiti?
30. Di-m ki lang yo pale an Aiti?

31. Eske yo pale kreyòl nan kèk lòt peyi?
32. Eske nou tout konn Aiti deja?
33. Ki moun ki pako konn Aiti?
34. Ou kontan ou pral an Aiti?
35. Nou pako konnen ki leu nou prale?

36. Kay ou rete-a gen anpil etaj?
37. Yo mande anpil kòb nan otèl isit?
38. Nou renmen manje bon manje?
39. Gen anpil Ayisyen ki rete Ozetazini?
40. Se a l-otèl ou rete kounyè-a?

V. GRAMMAR NOTES

A. Complex Sentences

1. Relative Clauses with *ki*

Observe the relationship of two Creole sentences:

M gen yon chanm.
Chanm nan vid.

I have a room.
The room is empty.

Both sentences share the noun phrase "noun marker + *chanm*". However, neither speakers of Creole nor speakers of English produce such a series of sentences to show this type of relationship; instead they conjoin the sentences into a single complex sentence with the use of the relative pronoun *ki* 'which', 'that'.

M gen yon chanm ki vid. I have a room which is empty.

The relative pronoun replaces the deleted noun of the second sentence, *chanm*. The second sentence has been embedded in the first one and modifies it.

When a relative clause is added to a sentence containing an adverbial complement (place, manner, time, etc.), it is inserted between the main clause and the adverbial complement.

Li mete alumèt la nan
poch li.

Li mete alumèt ki te
bon an nan poch li.

He puts the match in
his pocket.

He put the match that
was good in his pocket.

Notice that the definite determiner follows the entire noun phrase rather than the noun. Its form is determined by the last sound of the word that precedes it.

(See Grammar Note E, L.4 for the short form of the pronoun *ki*.)

2. Juxtaposition and Relative Clauses with *ke*

Another very frequently used way to incorporate one sentence into another is simply to juxtapose the embedded (modifying) sentence to the main sentence. This is often done in English as well. The embedded sentence is then the complement of the other.

M kwè.	I believe.
Li sòti.	He's left.
M kwè li sòti.	I believe he's left.

This type of embedding may also take the connecting word *ke* 'that', but it's less frequently used. In both cases if there is a definite determiner, it's placed at the end of the embedded relative clause.

L-ap pòte valiz la.	He's carryeng the suit case.
Li te blye valiz la.	He's forgotten the suitcase.
L-ap pòte <u>valiz</u> li	He's carryeng the suitcase
te blye-a.	he had forgotten.
L-ap pòte <u>valiz ke</u>	He's carryeng the suitcase
li te blye-a.	<u>that</u> he's forgotten.

B. Comparison of Inequality

When two nouns, noun phrases, or pronouns are being compared, the following construction is used:

Noun	+ <i>pi</i>	+ Adjective	+ <i>pase</i>	+ Noun
(Noun Phrase/Pronoun)				(Noun Phrase/Pronoun)

Nou pi ro pase mwen
 Msye ou ap gade-a pi
 ro pase papa-m.

You are taller than I.
 The man you are looking at
 is taller than my father.

C. Modal Auxiliary: *pito*

In Creole, *pito* may occur as a modal auxiliary and as an impersonal introduction to a sentence.

Sa ou pito bwè?

Li te pito rete.

Pito nou ta voye li.

Pito m-al chèche moun yo.

What would you rather drink?

He would rather remain.

We had better send him.

I had better go get the people.

VI. VOCABULARY

aksepte, v. anro, adv.; prep.	to agree, to accept, to admit on top of, above
bay blag, v. phr. ben, bengn, n. benyen, v. bòn, n.	to tell a joke bath to take a bath, to bathe maid
chanm, n. chante, v.; n. cho, adj.	room to sing; song warm, hot
dèyè, n.; adj.; prep. douch, n. dwe, v.	behind, back; after shower ought to, should
etaj, n. etud, n.	story, floor (of a building) study
fè frè, v. phr. frèdu, n.	it's cool cold
gide, v. gran, adj. gran moun, n. phr	to guide, to lead large, big, great adult
jaden, n.	garden
kalite, n. kondui, v. konfò, n.	quality, type, kind to lead, to drive comfort
laba, adv.	yonder, over there
manadjè, n.	manager

pase, v.
pi....pase, adv.
pito, v.; adv.
prèske, près, prèsk, adv.
randevou, n.
renmen, v.
ro, adj.

sal, n.
sal de ben, n. phr.
seùl, sèl, adj.
soley, n.

tab, n.
tenis, n.
touris, n.
trè, trèz, adj.

vè, prep.
vid, adj.

to spend (time)
more....than
to prefer, to wish; rather
almost
appointment, rendezvous
to like, to love
high, tall

room
bathroom
alone
sun

table
tennis
tourist
very

toward, around
empty

LESSON 18

TWO FRIENDS MEET

I. PERCEPTION DRILL

A. Koute pa repete:

Asen kontre ak Leon. Koute.

Asen: Kote ou sòti la-a? Leon: M sòt lavil.

Asèn: Kote ou pral la-a? Leon: M pral kay kwafeù-a, la-a.

Asèn: M byen bezwen fè tèt mwen tou. Ban-m antre ak ou kay kwafeù-a.

Mesye yo tonbe bay blag kay kwafeù-a. Kòm Asen pa renmen di sa ki vre, li tonbe bay manti. Li di yo gen yon seul bet bò waf la yo sòt peche. Se yon kokenn chenn reken. Kwafeù-a tèlman pran li kouri al gade, li pa fi-n fè tet Asen. Tout moun pran lavil la pou yo.

B. Kounyè-a repete aprè mwen.

C. Koute epi repete:

M bezwen al kay kwafeù. M bezwen fè tet mwen. Asen poko fè tet li. Nou pral fa tet nou ansanm.

Substitute the first words of the following sentences with the cue words and make the necessary changes:

CUE

STUDENT(S)

mwen
ti gason an
gad la

M bezwen al fè tet mwen kay kwafeù-a.
Ti gason an bezwen al fè tet li kay kwafeù-a.

touris yo
kouzen-m nan
nou tou le de
gason an
mwèn
ou
sekretè-a
kouzi-n
Leon an
nou

D. Koute epi repete:

Ti gason sa-a ap travay. Ti gason sa yo p-ap travay.
Msyèu-a pral lavil. Mesye yo pral lavil.
Madanm nan fè bon manje. Medam yo fè bon manje.

E. Use plural forms in the following sentences:

SINGULAR

PLURAL

Gason ou nan t-ap bay blag.
Msyèu-a rete Kastèl Aiti.
Otèl la koute chè.
Madanm nan fèk rive.
Bon nan fè chanm yo deja.
Kamyonet sa-a pa fè lign Petyonvil.
Msye sa-a se yon bon chofeu.
Beuf la pa vle mache.
Machi-n sa-a koute chè.
Madanm msye-a pa isit.
Chanm nan an fas jaden an.
Lakou-a pa gran.

Gason ou yo t-ap bay blag.
Mesye yo rete Kastèl Aiti.

F. Koute epi repete:

Ti-moun yo antre nan kay la. Yo pran kay la pou yo.

Asen monte Fò Dimanch. Li kòmanse tire. Li pran chan d-ti-a pou li.

Substitute the first word of the following sentence with the cue word and make the necessary changes:

M pran lavil la pou mwen.

CUE

STUDENT(S)

Medam yo

Medam yo pran lavil la pou yo.

gad la

Gad la pran lavil la pou li.

nou

mwen

pasaje yo

ou

ti kòmè-a

Yo

misyonè-a

mwen

touris yo

G. *Tonbe* + verb = 'to start', 'to begin'

Koute epi repete:

Kay kwafeù-a, mesye yo tonbe bay odyans.

Yo tonbe bay manti. Leon tonbe pale tou.

Tout moun tonbe pale ansanm.

H. Add *tonbe* in the following sentences, in the appropriate place:

CUE

STUDENT(S)

Gad la tire fizi sou chan d-ti.

Gad la tonbe tire fizi sou chan d-ti.

Chen an kouri dèyè ti gason an.

Chen an tonbe kouri deye ti gason an.

Etudyan an bay manti.

M fè egzèsis ak bayonèt.

Medam yo kouri nan tout lakou-a.

Sejan an chante nan kazèn nan.

Mesye yo gaspiye minisyon yo.

Ti-moun yo mande padon.

Touris la fè konesans ayisyen.

Mèt moulen an moulen mai-a.

Nonm nan manje duri ak pwa rouj.

Nèg la bay blag.

I. *Kouri ale* + verb = 'to go in a hurry'

Koute epi repete:

Machann nan prese. Li bezwen tounen lakay li boneù. Li kouri al vann legum ni yo nan mache-a.

Asèn kouri al gade solda yo fè egzèsis. Ti gason, kouri al achte yon poul pou mwen.

J. Add to the following sentences the expression *kouri ale* 'to go in a hurry':

CUE

STUDENT(S)

Dokteù-a wè nèg la.

Dokteù-a kouri al wè nèg la.

Kontrolè-a rele touris la.

Kontrolè-a kouri al rele touris la.

Lyetnan an fè gad yo fè egzèsis.

Nonm nan pòte lajan an.

Madanm nan manje pwason an lakay li.

Anglad fèmen pòt la.

Sekretè-a fè van pou nonm nan.

Ti Mari pase kèk jou ak manman ni.

Tijo mande papa-l padon.

Makdonal telefònè mèt otèl la.

Ti-moun yo bande je li.

Nèg la touye beuf la.

K. *Sòti* (or *sot*) + verb = 'just have'

Koute epi repete:

Li pase lakay ou. Li fèk pase lakay ou.

Li sot pase lakay ou.

Li sot manje anpil, li pa ka kouri.

L. Replace *fèk* with *sòti* or *sot* in the following sentences:

CUE

STUDENT(S)

Chal *fèk* achte yon beuf nan mache-a.
 Kontroleù-a *fèk* fè konesans
 Makdonal
 M *fèk* reponn lèt manman- nsn.
 Li *fèk* resevwa yon bèl malèt.
 Nou *fèk* manje duri ak poul.
 Asèn *fèk* bay blag kay kwafeù-a.
 Gad la *fèk* pran numero machi-n nan.
 Toma *fèk* etenn sigarèt la.
 Ou *fèk* lumen kay la.
 Bòn nan *fèk* louvri chanm yo.
 Ti-moun yo *fèk* pase de jou Bizoton.
 Profeseù-a *fèk* bay etudyan yo nouvèl la.

Chal sot achte yon beuf nan mache-a.
 Kontroleù-a sot fè konesans
 Makdonal.

M. Koute epi repete:

Leù nou pa konprann yon bagay, rete mwen.
Chak fwa ke nou pa konprann yon bagay, rete mwen.
 Tout ti-moun yo te gen yon valiz.
 Chak ti-moun yo te gen yon valiz.
 M pale ak tout òm. M pale ak chak òm.

N. Replace *tout* with *chak* 'each' in the following sentences:

CUE

STUDENT(S)

Nou di tout òm depoze zam yo.
 Li bay tout ti-moun yo manje.
 M vle tout mesye yo pale kreyòl byen.
 Tout profeseù yo bay blag ak etudyan yo.
 Nou konnen ke tout kay yo gen de chanm.
 Tout medam yo ap fè yon travay.
 Tout kontroleù gen yon touris devan ni.
 Tout peyi gen lang yo.
 Tout kay gen galri nan ru sa-a.
 Kontroleù-a gade tout valiz yo.
 Tout provèb yo vle di yon bagay.
 Machi-n nan rete nan tout kwen yo.

Nou di chak òm depoze zam yo.
 Li bay chak ti-moun yo manje.

O. Koute epi repete:

Kay sa-a gen anpil chanm ak anpil sal de ben.
Se yon gro kay. Se yon kokenn kay. Se yon kokenn chenn kay. Msye-a gen yon gro jaden. Li gen yon kokenn jaden.

P. Replace *gro* with *kokenn* or *kokenn chenn* in the following sentences:

CUE STUDENT(S)

Nou wè yon gro tab
nan lakou-a.

Kay li bay pitit li-a
gen yon gro lakou.

Kastèl Aiti se yon gro otèl.

Msye-a gen yon gro magazen.

Yo bay touris la yon gro chanm.

Etazuni gen yon gro lame.

Li gen gro zam tou.

Nou kapab di se yon gro peyi.

Touris la vi-n ak deu gro valiz.

Nou wè yon gro otobus pase la-a.

Nèg la achte yon gro beuf.

Nou wè yon kokenn (chenn)
tab nan lakou-a.

Kay li bay pitit li-a

gen yon kokenn (chenn) lakou.

Q. Koute epi repete:

Gen yon moun k-apbay manti la-a.

Youn nan nou ap bay manti.

Youn nan etudyan sa yo pa pale kreyòl la byen.

Rele youn nan ti-moun yo pou mwen.

R. Add *youn nan* 'one of the' before the noun in the following sentences:

CUE

STUDENT(S)

Blag li te ban nou yo bon.

Al rele gason lakou yo.

Chanm yo bò jaden an.

M pral chèche kouzi-n mwen yo pi ta.

Youn nan blag li te ban nou yo bon.

Al rele youn nan gason lakou yo.

Oto yo pa mache byen.
Sèjan yo aprann etudyan yo kreyòl.
Sekretè yo pa vi-n nan travay jodi-a.
Nan otèl yo fè frè anpil.
Ti-moun yo rantre ta.
Sòlda yo pa konn mache o pa.
Lòt gad yo konn fè egzèsis.
Medam yo sere manje-m nan.

II. DIALOGUE

Two Friends Meet

Two friends, Arsène and Ti Andre, meet downtown on Saturday around noon.

Arsène: Where are you going in the middle of Saturday, and noon at that, that makes you hurry like this?

Ti Andre: I'm running around looking for some little job to earn my Sunday pocket money. I'm broke (there is nothing at home), and you know that "an empty sack cannot stand up." What about you, where are you going?

Arsène: My friend, I left downtown earlier this morning to go home, but then I stopped and was watching the enlisted men drill.

Ti Andre: There was a big 'battalion drill' this morning, and the general was there in person.

Arsène: What companies were there?





Ti Andre: There were the 18th, the 14th, the Police, and the Firemen Companies.

Arsène: I like to watch the 18th. They know how to drill.

Ti Andre: That's true. Well, Arsène, my friend, I'm going on. I'll see you. Good-bye.

Arsène: O.K., Ti Andre. Find a day you can come to the house so that we can tell some jokes.

Ti Andre: Of course, my friend, I'll come. Bye.



Two Friends Meet

De kanmarad, Asèn ak Ti Andre, kontre lavil samdi a midi.

Asèn: Kote ou prale gro samdi a midi sa-a, ki fè ou prese kon sa?

Ti Andre: M-ap kouri chèche yon ti djòb pou-m fè kòb dimanch mwen. "Lakay fè nwa," e ou konnen, "Sak vid pa kanpe!" E ou-mèn, ki rout ou la-a?

Asèn: Monchè, m sòt lavil depi maten pou-m monte lakay, epi m ret ap gade anrole yo fè egzèsis.

Ti Andre: Te gen yon gro "batayondril" maten an, e jeneral la mèn te la.

Asèn: Ki konpagni ki te la?

Ti Andre: Te gen dizuityèm, te gen katòzyèm, konpagni lapolis la, ak konpagni ponpye-a.

Asèn: Mwen renmen gade dizuityèm nan. Yo konn fè egzèsis.

Ti Andre: Sa se vre. Bon, Asèn monchè, m-ap mache. N-a wè. O revwa.

Asèn: Oke Ti Andre. Chèche yon jou pou ou vi-n lakay pou nou bay kèk odyans.

Ti Andre: Men wi, monchè, m-a veni. Babay.

Dialogue Buildup

prese	to be in a hurry, to hurry
ou prese	you are in a hurry
ki fè ou prese	which makes you hurry
ki fè ou prese kon sa	which makes you hurry so much
samdi a midi	Saturday noon
gro samdi a midi sa-a	mid-Saturday noon at that
ou prale	you are going
kote ou prale	where are you going
Kote ou prale gro samdi a	Where are you going in the middle
midi sa-a ki fè ou prese	of Saturday, and noon at that, that
kon sa?	makes you hurry like this?
kòb mwen	my money
kòb dimanch mwen	my Sunday pocket money
pou-m fè kòb dimanch mwen	for me to make my Sunday
	pocket money
yon ti djòb	a little job
m-ap chèche	I'm looking for, looking after
m-ap kouri chèche	I'm running, looking for
M-ap kouri chèche yon ti djòb	I'm running around looking for
pou-m fè kòb dimanch mwen.	some little job to earn my
	Sunday pocket money.
kanpe	to stand up
sak vid	empty sack
Sak vid pa kanpe.	An empty sack doesn't
	(can't) stand up.
ou konnen	you know
fè nwa	it's dark
lakay	home
Lakay fè nwa	I'm broke. (lit. It's dark at home)
"Lakay fè nwa" e ou konnen,	There is nothing to eat at home, and
"sak vid pa kanpe."	you know that "an empty sack
	cannot stand up,"
rout ou	your way
ki rout ou la-a	where are you going
e ou-mèn	and yourself
E ou-mèn, ki rout ou la-a?	What about you, where are
	you going?

fè egzèsis
 anrole yo fè egzèsis
 m-ap gade anrole yo fè egzèsis
 m ret ap gade anrole yo
 fè egzèsis
 m monte lakay
 pou-m monte lakay
 m sòt lavil
 depi maten
 m sòt lavil depi maten
 m sòt lavil depi maten pou-m
 monte lakay
 Monchè, m sòt lavil depi maten
 pou-m monte lakay, epi m ret
 ap gade anrole yo fè egzèsis.

jeneral la
 jeneral la mèn m
 jeneral la mèn m te la
 yon gro "batayondril"
 te gen yon gro "batayondril"
 maten an
 Te gen yon gro "batayondril"
 maten an, e jeneral la mèn m te la.

Ki konpagni ki te la?

konpagni ponpye-a
 konpagni lapolis la
 konpagni lapolis la ak konpagni
 ponpye-a
 te gen katòzyèm
 te gen dizuityèm
 te gen dizuityèm, te gen
 katòzyèm
 te gen dizuityèm, te gen katòzyèm,
 konpagni lapolis la ak kon-
 pagni ponpye-a

to drill
 the enlisted men drill
 I was watching the enlisted men drill.
 I stopped and was watching
 the enlisted men drill.
 I go home
 to go home
 I left downtown
 since this morning
 I left downtown earlier this morning.
 I left downtown earlier
 this morning to go home.
 My friend, I left downtown earlier
 this morning to go home, but then I
 stopped and was watching the
 enlisted men drill.

the general
 the general in person
 the general was there in person
 a big 'battalion drill'
 there was a big 'battalion
 drill' this morning
 There was a big 'battalion drill this
 morning and the general was there
 in person.

What companies were there?

the Firemen Company
 the Police Company
 the Police and Firemen
 Companies
 there was the fourteenth
 there was the eighteenth
 there were the eighteenth, the
 fourteenth
 There were the eighteenth, the
 fourteenth, the Police and
 the Firemen Companies.

gade dizuityèm nan
 Mwen renmen gade dizuityèm nan.
 yo fè egzèsis
 Yo kònn fè egzèsis.

Sa se vre.

n-a wè
 m-ap mache
